ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№38-39 (21.197) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным езым и щхьэкIэ къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал еджапIэм и ректорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 27-м
№26-УП

Ерчэн Темболэт Хъусен и къуэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ» лъапIэр фIэщын **Ерчэн Темболэт Хъусен и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 27-м
№27-УП

Къэнжал зауэм текIуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 300 зэрырикъур гъэлъэпIэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2008 гъэм мазаем и 24-м ***№7-РП***

1. Къэнжал зауэм текIуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 300 зэрырикъум къыхэкIыу а махуэр гъэлъэпIэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр 2008 гъэм егъэкIуэкIын.

2. Къэнжал зауэм текIуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 300 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымкIэ икIи ар гъэлъэпIэнымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр къэщтэн.

3. Къэнжал зауэм текIуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 300 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымкIэ икIи ар гъэлъэпIэнымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым:

Къэнжал зауэм текIуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 300 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымкIэ икIи ар гъэлъэпIэнымкIэ Iуэхугъуэхэм я план зэхэлъхьэн икIи къэщтэн;

гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэм я гъусэу махуэшхуэ Iуэхугъуэхэм зыхуэгъэхьэзырыныр икIи ахэр егъэкIуэкIыныр къызэгъэпэщын.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщын хуейщ Къэнжал зауэр зэрекIуэкIрэ илъэс 300 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымкIэ икIи ар гъэлъэпIэнымкIэ Iуэхугъуэхэр зэрекIуэкIыр республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ къэгъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщын хуейщ.

5. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и УнафэщIым и къуэдзэ ДыщэкI М.Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 24-м ищIа Унафэ №7-РП-мкIэ къищтащ

Къэнжал зауэм текIуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 300 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымкIэ икIи ар гъэлъэпIэнымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

Къэжэр А.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и унафэщIыр (*къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIщ*)

Ажахъуэ Къ.М. - «Бум-Банк» ООО коммерческэ банкым и унафэщIыр (*зэгурыIуауэ*)

Бгъэжьнокъуэ Б.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и директорыр

Бекъшокъуэ А.Хь. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщхэу езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ Абхъазым щыIахэм я союз» жылагъуэ организацэм и унафэщIыр (*зэгурыIуауэ*)

Дзэмыхь Къ.ФI. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» IэщIагъэкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ IуэхущIапIэм и социально-гуманитар институтым тхыдэмкIэ и кафедрэм и унафэщIыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр (*зэгурыIуауэ*)

Думэн Хь.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщэгъур (*къызэгъэпэщакIуэ комитетым и секретарщ*)

ДыщэкI М.Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр

Къуэшырокъуэ З.Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, суд органхэм щыIэр

МахуэлI Хь.З. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Рахаев Д.Я. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэр

Тетуев А.И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и директорым щIэныгъэмкIэ и къуэдзэр

Тут З.Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министрыр

Тхьэгъэлэдж Т.Л. - «Афганистаным, щIыпIэ щхьэхуэхэм щекIуэкIа зауэхэм, зауэ зэныкъуэкъухэм я ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ организацэм и унафэщIыр (*зэгурыIуауэ*)

Унэж К.Хь - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» IэщIагъэкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэ IуэхущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмкIэ и кафедрэм и унафэщIыр

Хьэмгъуокъу Л.Б. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

ХьэфIыцIэ М.М. - КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ организацэм и тхьэмадэр (*зэгурыIуауэ*)

Щхьэгъэпсо С.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

Бюджетыр зыхуэлажьэр цIыхурщ

Иджыблагъэ Къэрал Думэм ещанэ къеджэгъуэу къищтащ социальнэ IэнатIэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ дызэрыт илъэсым къэралым и бюджетым хилъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр. Ди республикэм къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм хаха, Бюджетымрэ налогхэмкIэ комитетым и унафэщI Васильев Юрий абыхэм ятеухуауэ къыджиIащ:

- ЗЭРЫГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, зи гугъу тщIы документхэм нэхъыбэу елэжьар ди комитетырщ. Ахэр псори законопроекту 5 мэхъу икIи бюджет лэжьакIуэхэм я улахуэм, дзэ къулыкъущIэхэм ират ахъшэм, пенсэхэм, адрей социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм хэгъэхьуэным хуэунэтIащ. Абыхэм япкъ иткIэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ 2008 гъэм и федеральнэ бюджетым, Пенсэ фондым и бюджетым, Социальнэ страхованэм и бюджетым, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и бюджетым. «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм хыхьэ депутатхэм яхузэфIэкIащ цIыхухэм я псэукIэр зэпимыуууэ егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ къэралым и унафэщIхэм ирагъэкIуэкI политикэм закон лъабжьэ къыхузэзыгъэпэщ документхэр зэман кIэщIым ягъэхьэзырын. Абы къыдэкIуэу, законопроектхэм щытепсэлъыхьым кууэ зэпалъытащ пенсэхэмрэ улахуэхэмрэ зэрыщIагъум къыхэкIыу уасэхэм хэмыхъуэн папщIэ лэжьыпхъэхэр.

- Сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьа цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыным теухуа законхэм?

- «Социальнэ дэIэпыкъуныгъэ лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмрэ хэгъэхъуэн мурадкIэ УФ-м и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Законыр хэхауэ къащхьэщож нэхъ хуэмыщIа дыдэхэм. Абыхэм мазэ къэс ират ахъшэм проценти 8,5-рэ (2007 гъэм гъатхэпэм щыщIэдзауэ мы гъэм и гъатхэм инфляцэр зыхуэдизу щытам тету), хущIагъунущ 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ. А законым ипкъ иткIэ цIыху мелуан 16,7-м нэблагъэм я Iуэхур ефIэкIуэнущ. Абыхэм ящыщу мелуан 12,5-м нэблагъэр ныкъуэдыкъуэхэрщ, мелуани 2-рэ мин 700-м щIигъур ветеранхэрщ (Хэку зауэшхуэм, нэгъуэщI зауэхэм я ветеранхэр, «Къаухъуреихьа Ленинград щыпсэуа» дамыгъэр зратахэр, нэгъуэщIхэри яхэту), мелуан 1,5-м нэблагъэр Чернобыль къыщыхъуа гузэвгъуэм и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным хэта, «Маяк» производствэ зэгухьэныгъэм къыщыхъуа гузэвгъуэм, Семипалатинск полигоным атом Iэщэр зэрыщагъэунэхуам къыхэкIыу радиацэм и зэран зэкIа цIыхухэрщ, мини 3-м нэблагъэр Совет Союзым и ЛIыхъужьхэрщ, Урысейм и ЛIыхъужьхэрщ, ЩIыхь орденым и нагъыщэ псори зиIэхэрщ, минищым нэблагъэр Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэмрэ Лэжьыгъэ ЩIыхь орденым и нагъыщэ псори зиIэхэмрэщ. Къапщтэмэ, Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм, Урысейм и ЛIыхъужьхэм, ЩIыхь орденым и нагъыщэ псори зиIэхэм я ахъшэм сом 6637-рэ хущIагъунущ икIи абыхэм мазэ къэс сом 31637-рэ иратынущ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Зырамыку. *2008 гъэ.*

КъардэнгъущI Зырамыку и лъагапIэхэр

● Пщэдей

Мы гъэм щIышылэ мазэм и 10-м илъэс 90 хъуащ КъардэнгъущI ПIатIурэ и къуэ Зырамыку къызэралъхурэ.

ГУАЩIЭРЭ щIыхькIэ гъэнщIа лIы ныбжь къигъэщIащ ди тхьэмадэ Iумахуэм - зы цIыхум и къарум къимыхьыным хуэдиз лэжьыгъэ хузэфIэкIащ Зырамыку: абы зэхуихьэсыжурэ щIэблэм и пащхьэ ирилъхьэжа Iуэры-Iуатэхэр куэдыкIейщ. Пасэрей адыгэ уэрэдхэм, хъыбархэм, псалъэжьхэм я нэхъыбапIэр нобэ къэсамэ, ар псом япэ зи фIыщIэр КъардэнгъущI Зырамыкущ. Тхылъ тIощIым щIигъум щызэхуэхьэсащ ахэр: «Адыгэ уэрэдыжьхэр», «Адыгэ псалъэжьхэр» (тхылъитI хъууэ), «Адыгэ пшыналъэ», «Андемыркъан», нэгъуэщIхэри.

Дунейм къытехьащ Зырамыку и Iэдакъэ къыщIэкIа хъыбар хьэлэмэтхэр, драмэ тхыгъэхэр зэрыт тхылъ зыбжанэ. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и япэ лъэбакъуэхэм ящыщщ икIи абы и пщIэр лъагэ дэхъуащ «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэ телъыджэм. Зырамыку щIалэ дыдэт ар щитхам щыгъуэ.

Илъэс бгъущIым и кIуэцIкIэ куэд и нэгу щIэкIащ КъардэнгъущI Зырамыку - гъащIэм и IэфIи и дыджи игъэунэхуащ, абы и курыкупсэм, и уэрыпIэм хэт зэпытурэщ къызэрыгъуэгурыкIуар: игу къэкIыжынрэ иIуэтэжынрэ и бащэщ. Ди газетым еджэхэр нобэ щыщIэдзауэ щыгъуазэ фыдощI Зырамыку и гукъэкIыжхэм щыщ пычыгъуэхэм.

Хъыбари фыдогъащIэ: *мазаем и 29-м, мэрем махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Музыкэ театрым щекIуэкIынущ КъардэнгъущI Зырамыку къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум теухуа гуфIэгъуэ пшыхь. Пшыхьым щыщIидзэнур сыхьэт 15-рщ.*

● ЖурналыщIэ

«Псынэм» и къежьапIэр

Дунейм къытехьащ иджырей «щыгъынкIэ» хуэпа, ди лъэпкъым и тхыдэм, и цIыху пэрытхэм, хабзэ-бзыпхъэхэм теухуа журналыщIэр, «Псынэ» зи фIэщыгъэр. Ар къыдэзыгъэкIар «Синержи-Арт» акционер обществэрщ, редактор нэхъыщхьэр Мэремкъул Ларисэщ. Япэ къыдэкIыгъуэм елэжьащ щIэныгъэлIхэу, IэщIагъэлIхэу гупышхуэ. ЖыпIэ хъунущ абыхэм я мурадыр хъарзынэу зрагъэхъулIэфауэ.

ПЭУБЛЭпсалъэр лъагъэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен. Ар гуапэу йохъуэхъу IуэхуфIыр зи Iэужьхэм зэхаубла лэжьыгъэ щхьэпэм дяпэкIэ нэхъри зрагъэубгъуну, гуащIафIэу, зэчиифIэу адыгэбзэм, щэнхабзэм, ди лъэпкъым и сэбэп зыхэлъ псоми я ефIэкIуэныгъэм телэжьэну, ехъулIэныгъэфIхэр дапщэщи яIэну. «И фIэщыгъэ къудейм сегъэгугъэ, - етх Къанокъуэм, - адыгэ лъэпкъым и псынэ къабзэр зэи мыутхъуэну икIи мыгъуэжыну».

Апхуэдэ гурыщIэ дахэхэмкIэ зэщIолыдэ журналым ит тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, иджырей зекIуэлI, Килиманджарэ и щыгум дэкIа Жэман Ахьмэд, дыщэкI, Iэщэ-фащэ щIыным хуэIэзэ, сурэтыщI-модельер Еутых Iэсият, усакIуэ гъуэзэджэ Тхьэгъэзит Зубер, уней тхылъ тедзапIэ зыгъэлажьэхэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ, хьэрычэтыщIэ Шыкуэ Шукрэн, адыгэ тхыпхъэщIыпхъэ телъыджэхэр зыгъэхьэзыр Къарэмырзэ Фаризэт, пшынауэ щэджащэ Къашыргъэ КIурацэ, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

Мы къыдэкIыгъуэм щыбогъуэт тхыдэм, IуэрыIуатэм, адыгэ IэзэкIэхэм, шхыныгъуэхэм я щэхухэр гъэщIэгъуэну, удихьэхыу къэзыIуатэ тхыгъэхэри, сурэтхэри.

Журналыр зыгъэхьэзырахэр зыхэтыну зэхуэс пщэдей, сыхьэтыр 18-м деж щIидзэнурэ щекIуэкIынущ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Абы зревгъэхьэлIэмэ, щыгъуазэ фыщыхъунщ «Псынэм» и къежьапIэ хъуам, къыпэщыт гъуэгуанэ жыжьэхэм я плъыфэхэм.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

●Бахъсэн куей

ЗэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм щагъэувынущ Италием и Idromeccanika LUCCHINI фирмэм и технологиекIэ яухуэну теплицэхэр.

А IУЭХУМ Бахъсэн куейм яужь щихьауэ жыпIэ хъунущ.

Район администрацэм и Iэтащхьэ Къаздэхъу Альберт хуэза нэужь, фирмэм и IэщIагъэлIхэр ди деж зыбжанэрэ къэкIуащ, дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъащ, щIыр зыхуэдэр, абы и зэхэлъыкIэр яджащ.

Лъэныкъуэхэр зэгурыIуащ Бахъсэн, Шэджэм куейхэр щызэпыхьэм деж гектар 30-м къиубыд теплицэ щаухуэну. Iэмэпсымэхэр къешэлIэным, щIыр лэжьыгъэм хуэгъэхьэзырыным мыгувэу щIадзэнущ.

Италием щыщ IэщIагъэлIхэм я мурадщ гектари 10-м щагъэувыну теплицэхэр дыгъэгъазэ мазэм ятыну. Абы езыхэм щагъэкIынущ нащэрэ помидоррэ.

ЗэгурыIуэныгъэр сом зы мелард и уасэщ. Ухуэныгъэр ирагъэкIуэкIынущ «Агроком» фирмэмрэ Урысейм и Ахъшэ хъумапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ я мылъкукIэ. Теплицэм лэжьэн щIидзэмэ, илъэси 5 пIалъэм къриубыдэу текIуэдар къилэжьыжынущ.

ЗЕЙ Гъузер.

Аргуэру цIыхуитI

Тайландым щыщ Паттаем къалэм икIыу къэралым и щыхьэр Бангкок нэблэгъа автобусыр уфэрэкIащ.

Насыпыншагъэм урысей цIыхуибзитI зэрыхэкIуэдам теухуа хъыбархэр къат.

Ди Хэкум къокIуэж

КНДР-м щаубыда «Лида Демеш» урысей кхъухьыр Владивосток къокIуэж икIи мазаем и 28-м и пщыхьэщхьэм нэсыжынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, цIыху 25-рэ зэрыс а кхъухьыр Корее Ищхъэрэм и властхэм яубыдауэ щытащ толькъунышхуэ къызэрыукъубеям къыхэкIыу а къэралым и псы Iуфэм Iухьати. Псори узыншэхэщ, кхъухьым къешэ Японием щаIыгъа автомобиль тIорысэхэу 150-рэ.

Псори къызыхэкIар кхъухьыр зезыгъакIуэхэмрэ КНДР-м и властхэмрэ бзэкIэ зэрызэгурымыIуарщ.

Iулъхьэм дехьэх

Москва щаубыдащ Автогъуэгу институтым щезыгъаджэхэм ящыщ зыр.

Абы зачет яхуигъэувын папщIэ дэтхэнэ студентми сом мини 5 - 15 къаIихырт.

Псори лъапIэ мэхъу

Нью-Йорк биржэм дыгъуасэ щIыдагъэ баррелыр щиуасащ доллари 101-рэ зы центрэ.

Абы къыдэкIуэу дунейм нэхъ лъапIэ щохъу гуэдзыр, дыщэр, прунжыр, нэгъуэщIхэри.

ЩIыр мэхъей

Инджылызым щащIэжыркъым а къэралым иджы хуэдэу лъэщу щIыр щыхъеяуэ - абы и къарур балли 5-м нэсырт.

ЦIыху хэкIуэдакъым, ауэ куэд дыдэ игъэгужьеящ.

Австралиер егъэгузавэ уэшхышхуэм. Абыхэм я зэранкIэ щIыпIэ-щIыпIэхэр псыдзэхэм щIагъэнащ. Гъуэгу зыбжанэ зэхуащIын хуей хъуащ.

Бийм илъагъуркъым

«Стерегущий» корветыр Къухьэпlэ Жыжьэм псым щытрагъэхьащ.

Ар зэфIэкI ин дыдэ зыбгъэдэлъ кхъухьщ: езым бийм зыкъригъэлъагъуркъым, ауэ сыт хуэдэ щытыкIэми иту удын хьэлъэ иридзыфынущ.

Зи гугъу тщIы корветым хуэдэ кхъухь псынщIэ куэд мыгувэу ди дзэ флотым къыхыхьэнущ.

Украинэм и щIыхуэр

Дыгъуасэ УФ-мрэ Украинэмрэ я президентхэу Путин Владимиррэ Ющенкэ Викторрэ телефонкIэ зэпсэлъащ Киев газымкIэ къытехуа щIыхуэхэр ипшыныжыным теухуауэ.

Иджыри къэс яхуэпшыныжар доллар мелуан 500 къудейщ.

ИужькIэ Ющенкэ зэдэIуар «Украингаз» зэгухьэныгъэм и унафэщI Продан Юрийщ. Премьер-министр Тимошенкэ Юлие абы хуэзэн идакъым, сымаджэу жиIэри.

ЗэкIэ къыкIэроху

США-м щокIуэкI къэралым и президентым и кандидатыр штатхэм къыщыгъэлъэгъуэным ехьэлIа Iэ Iэтыр.

Иужьрей апхуэдэ Iуэхухэр къехъулIакъым демократ партым щыщ, США-м и президенту щыта Клинтон Билл и щхьэгъусэ Хиллари. Абы къыщытекIуащ езым и ныкъуэкъуэгъу Обамэ Барак. АрщхьэкIэ зэпеуэныгъэм дяпэкIэ кърикIуэнур иджыри белджылыкъым.

Республикэ партым щыпашэщ Маккейн Джон, Вьетнам зауэм хэтар.

Урысхэр дакъуэ

Украинэм и кинотеатрхэм я нэхъыбэр дыгъуасэ лэжьакъым.

Гъуазджэм и лэжьакIуэхэм ядэркъым фильм псоми я бзэр украиныбзэкIэ е инджылызыбзэкIэ «къэгъэпсэлъэным» теухуауэ властхэм къащта унафэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, цIыхуу щыпсэухэм я зэхуэдитIыр урысыбзэкIэ щыпсалъэ къэралым щыщ куэд абыкIэ арэзыкъым.

(ИТАР-ТАСС)

◆ **Калевалэм и махуэщ.** 1835 гъэм къыдэкIащ Калевэ лъахэ телъыджэм и лIыхъужьхэм къытращIыкIа «Калевалэ» цIыхубэ эпосыр.

◆ Мазаем и 28-м - гъатхэпэм и 2-хэм Краснодар къалэм щекIуэкIынущ Ипщэ архитектурэ-ухуакIуэ зэIущIэр.

◆ Мазаем и 28-м - гъатхэпэм и 3-хэм Суздаль щекIуэкIынущ анимацэ кином и XIII фестиваль зэIуха.

◆ 1942 гъэм къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сонэ Абдулчэрим.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 48-м, къухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 35-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикъи 5-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Фэдэн кIапэ шу егъэшэсыж.

● Хъуэхъу

Жэрыкъуэ Борис и махуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и ректор, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор Жэрыкъуэ Борис Хьэжмурат и къуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 50 ирокъу.

АР ЯЩЫЩЩ республикэм и егъэджэныгъэ-щIэныгъэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм, щIэблэм IэщIагъэ етыныр, гъэсэныр гъащIэ гъуэгуанэ зыхуэхъуахэм. Жэрыкъуэ Борис дохъуэхъу и зэфIэкIым, Iулыджым, къыхуащI лъытэныгъэм хэхъуэ зэпыту куэдрэ псэуну.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ къабгъэдэкIыу
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

● Тэрч куей

Урожайнэм и спортсменхэр ягъэгуфIэ

ТЭРЧ куейм хиубыдэ Урожайнэ къуажэм ныбжьыщIэ 400-м нэс зыщIэхуэн спорт клубу щызэрагъэпэщыжащ, ЩэнхабзэмкIэ унэу щытар. Жьы дыдэ хъуа унэм и блынхэм ящыщ куэдыр щIэрыщIэу зэтралъхьэжри зэрахьэжащ, унэ щIыби, унащхьи иджырей щапхъэм иту зэрахъуэкIащ, газымрэ псымрэ зрикIуэ бжьамийхэр, батарееxэр зыхуей хуагъэзащ.

ПЛАСТИКЭМ къыхэщIыкIа бжэ-щхьэгъубжэхэр Тэрч «Налмэс» заводым щагъэхьэзырри, халъхьащ. Урожайнэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Нэгей Биуан къызэрыджиIамкIэ, жылэм дэс спортсмен ныбжьыщIэхэри абыхэм я гъэсакIуэхэри гугъу ехьащ, спорт зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкIын ямыIэу. Иджы лъэпощхьэпохэр IэщIыб хъуащ. Урожайнэ къуажэм дяпэкIэ езым и спорт клуб иIэжщ. Мы лэжьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентымрэ Тэрч куей администрацэмрэ къабгъэдэкIыу сом мелуанрэ ныкъуэм нэс текIуэдащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Абхъаз унафэщIхэм зыхуагъэзэ

● Фэеплъ

Куржы-абхъаз зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм текIуэныгъэ иныр къызэрахьрэ илъэс 15 зэрырикъур гъэлъэпIэным зыхуегъэхьэзыр.

«ДЭ ДИ МУРАДЫР Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ди къуэш лъэпкъым и хуитыныгъэм зи псэр щIэзыта зауэлI 59-р дигу къэдгъэкIыжыну, щхьэщэ яхуэтщIыну аращ», - жиIащ Союзым и унафэщI Бекъшокъуэ Алексей. Иджыпсту абыхэм ягъэхьэзыр куржы-абхъаз зауэм теухуа документальнэ фильм.

Апхуэдэу къыдагъэкIынущ хэкIуэдахэм я «Фэеплъ тхылъ», «Куржы-абхъаз зауэм хэта къэбэрдей зауэлIхэр» зыфIаща монографиер. Зэгухьэныгъэм хэтхэр зэреплъымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм щыIэн хуейщ зауэм хэкIуэда ди щIалэхэм я цIэр зезыхьэ уэрам щхьэхуэхэр. Бекъшокъуэм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, Абхъаз Правительствэм и Унэм ТекIуэныгъэм и бэракъыр япэу щызыIэта Хьэгъэжей Азэмэтрэ Абей Аслъэнрэ Абхъазым и ЛIыхъуж цIэр къыфIащыну лъэIукIэ Абхъаз Республикэм и Правительствэм зыхуагъэзэнущ.

ЖАНХЪУЭТ З узэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Бюджетыр зыхуэлажьэр цIыхурщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Абыхэм къадэкIуэу социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэми сом 513-м щыщIэдзауэ сом 557-м нэсу хагъэхъуащ икIи ар хагъэкIынущ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпыну мурад зыщIа цIыхухэм мазэ къэс ират ахъшэм.

Мазэ къэс ветеранхэм ират ахъшэм зэрыхагъэхъуам мы гъэм и закъуэ федеральнэ бюджетым и ахъшэу сом мелард 272,7-рэ текIуэдэнущ.

- Пенсэхэм зэрыхагъэхъуэнур сыт хуэдэу?

- Пенсэхэм я базовэ Iыхьэм мы гъэм шыщхьэIум и 1-м щыщIэдзауэ процент 15 щIагъунущ. Абы трагъэкIуэдэну сом мелард 138,8-р федеральнэ бюджетым къиутIыпщынущ. Дызэрыщыгъуазэщи, пенсэхэм я страховой Iыхьэм мазаем и 1-м щыщIэдзауэ процент 12 щIагъуащ, мэлыжьыхьым и 1-м абы аргуэру проценти 7,5-рэ хагъэхъуэнущ.

Щхьэхуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ бюджет лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэм мы гъэм фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ проценти 7 щIагъуну зэрамурадар. Ауэ щыIэ Iэмалхэр зэпалъытри, 2008 гъэм мазаем и 1-м абыхэм я улахуэм процент 14 хущIагъуащ. Дзэ къулыкъущIэхэм яIэрыхьэ ахъшэм мы илъэсым къриубыдэу проценти 9 тIэунейрэ, мазаем и 1-мрэ жэпуэгъуэм и 1-мрэ, хухагъэхъуэнущ. СудыщIэхэм, Генеральнэ прокуратурэм и лэжьакIуэхэм, Генеральнэ прокуратурэм СледствиемкIэ и комитетым и лэжьакIуэхэм я улахуэм 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м проценти 8,5-рэ хущIагъунущ.

- ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щIэуэ къэфщта законхэр гъэзэщIэныр къанэ щымыIэу зэлъытауэ щытынур федеральнэ бюджетырщ. АтIэ зи гугъу тщIа Iуэхухэм псори зэхэту трагъэкIуэдэнур къабжа?

- А бжыгъэхэр илъэсищым тещIыхьауэ ягъэбелджылащ. Социальнэ дэIэпыкъуныгъэр зэрагъэлъэщынум пыщIауэ федеральнэ бюджетым 2008 гъэм сом мелард 373,9-рэ, 2009 гъэм сом мелард 408,8-рэ, 2010 гъэм сом мелард 442,9-рэ къыхагъэкIын хуейщ. Абы щыщу УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым 2008 гъэм сом мелард 60,1-рэ, 2009 гъэм сом мелард 68,9-рэ, 2010 гъэм сом мелард 77,1-рэ къиутIыпщынущ.

Урысей Федерацэм 2008 гъэм, адэкIэ 2010 гъэм нэсыху иIэну зыщыгугъ социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэнур нэхъ гъэтэмэмауэ къызэрабжам ипкъ иткIэ къалъытащ бюджетхэм я хэхъуэ Iыхьэр нэрылъагъуу нэхъыбэ хъуну.

- Уэ ухэтащ Къэрал Советым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэшхуэм. Къэралым зэрызиужьыну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ абы къыщыщыпсэлъам УФ-м и Президент Путин Владимир налог политикэр гъэтэмэмыным и лъэныкъуэкIэ къалэн пыухыкIахэр къызэрыувыр къыхигъэщащ…

- «2020 гъэм нэсыху Урысейм зэрызиужьыну стратегием и IуэхукIэ» Путин Владимир ищIа докладым къыщыгъэлъэгъуащ къэралым щекIуэкI налог реформэм адэкIи зэрыпащэнур, ар дэтхэнэми тралъхьэ налогыр нэхъ щыгъэпсынщIэным хуэунэтIауэ зэрыщытыр.

Къэралым сыт и лъэныкъуэкIи диIыгъынущ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным ахъшэ тезыгъэкIуадэхэр. Абы налогхэр ящхьэщиIэтыкIынущ егъэджэныгъэм, медицинэ страхованэм, пенсэ ахъшэр зэхуэхьэсыным инвестицэхэр хэзылъхьэ компаниехэмрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ. Апхуэдэ Iуэхухэр иджыпсту щыщIэдзауэ йокIуэкI. Къэралым апхуэдэу и мурадщ экономикэщIэ зэтегъэувэным елэжьхэм налогхэм я лъэныкъуэкIэ зэрыхудачых Iэмалхэр къигъэсэбэпыну. Къапщтэмэ, Къэрал Советым и зэIущIэм къыщыщыпсалъэм УФ-м и Президентым жиIащ щIагъуж уасэм папщIэ налогыр гъэмэщIапхъэу къызэрилъытэр. Къэрал Думэм иджыпсту щыIэщ налогхэр гъэмэщIэным теухуа законопроектхэр, ауэ ахэр нэгъэсауэ сыт и лъэныкъуэкIи зэхуэгъэкIуа документу жыпIэ хъунукъым. Налогхэр бгъэмэщIэн папщIэ, Iуэхум и лъэныкъуэ псори егугъуу зэпэлъытыпхъэщ. Ауэ налогхэр гъэмэщIэн зэрыхуейм зыми шэч къытрихьэркъым икIи законхэр зыгъэхьэзырхэм абы и лъэныкъуэкIэ иджыпсту лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI.

Хэхауэ сытепсэлъыхьыну сыхуейт дзэм ираджауэ къулыкъу зыщIэ сэлэтхэм я щхьэгъусэхэм ящыщу уэндэгъугъэ зиIэхэм къэралыр зэрадэIэпыкъуну щIыкIэм. 2009 гъэм щIышылэм и 1-м щIыщIэдзауэ абыхэм зэ тыгъуэу ират ахъшэр сом мин 15-м, мазэ къэс ират ахъшэр сом мини 6-м щIигъунущ.

- Иджыблагъэ фэ вгъэтэмэмыжащ фи комитетым и зэхэлъыкIэр. Апхуэдэу законхэр къыдэгъэкIынымкIэ евгъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм я планыр зэхэфлъхьащ…

- Ди комитетым и зэIущIэ зыбжанэм дыщыхэплъащ икIи къыщытщтащ Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и зэхэлъыкIэр, а комитетым теухуа Положенэр. БлэкIа хэхыгъуэм къриубыдэу дэ диIащ федеральнэ бюджетымрэ бюджет законодательствэмкIэ, УФ-м Къэзыбж и палатэм дэлэжьэнымкIэ, налог законодательствэмкIэ, бухгалтер учетымкIэ, отчетымкIэ, аудитымкIэ, федеральнэ бюджетым и статья зэхуэщIахэмкIэ, таможнэ IуэхухэмкIэ комитет къуэдзэхэр. Иджы ди къалэнхэм зэрыхэхъуам тещIыхьауэ абыхэм я бжыгъэри нэхъыбэ тщIащ. Псом япэу ар пыщIащ, Бюджет кодексым къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, комитетым хэтхэр бюджетым щымыщ фондхэм епха Iуэхухэми зэрелэжьынум. Аращ щIэуэ Пенсэ фондым и бюджетымкIэ, Социальнэ страхованэм и фондым и бюджетымкIэ, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и федеральнэ фондым и бюджетымкIэ комитет къуэдзэхэр къыщIызэдгъэпэщар. Абыхэм къадэкIуэу бюджет зэхуаку зэпыщIэныгъэхэмкIэ, къэрал щIыб экономикэ лэжьыгъэмрэ финанс кIэлъыплъыныгъэмкIэ комитет къуэдзэхэри щыIэну къыщIэкIынущ.

Псори зэхэту къапщтэмэ, ди комитетыр зэлэжьын хуейуэ иджыпсту диIэщ законопроекту 250-м щIигъу.

АКИМОВ Илья.

Иджыблагъэ Президентым наIуэ къищIащ 2020 гъэр къэсыху Урысейм и экономикэм зэрызиужьыну зыщыгугъ мардэхэр. Илъэс 12 дэкIмэ, ди къэралым улахуэхэм апхуэдизкIэ зыщаIэтынущи, США-мрэ Европэмрэ щыпсэухэр щIэхъуэпс хъунущ Урысейм лэжьакIуэ къэкIуэным. Ауэ ар пэжу къыщIэкIыну пIэрэ?

Сыт псом ящхьэр?

Мурадыфlщ, дауи. Аращхьэкlэ ди цlыхухэм я хэхъуэхэр Къухьэпlэм щыпсэухэм яlэрыхьэхэм лъэщlагъэхьэн папщlэ лэжьыгъэм къыпэкlуэ хьерыр ди деж хуабжьу къыщаlэтын хуейщ. **Хуэдиплlкlэ!**

Лэжьыгъэм къит хьерыр зыхуэдизымкlэ дэ зэкlэ США-м хуэдитхукlэ дыкъыкlэроху. Евросоюзыр дяпэ итщ хуэдищкlэ. Лэжьыгъэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм (МОТ) къыбгъэдэкl хъыбархэм дагъэгу завэ: Урысейр «lэхъуэтегъэкlыу» гъащlэм хэтщ…

Япэрауэ, пуду къагъэсэбэп лэжьакlуэ къарур экономикэм сэбэп зэрыхуэхъу щыlэкъым. Экономист Ясин Евгений шэрыуэу зэрыжиlамкlэ, «таджик батальоныр Урысейм щолажьэ экскаваторым и пlэкlэ». Мис а щхьэусыгъуэхэм къыхэкlыу ди lуэхущlапlэхэм лэжьакlуэхэр ягъэбагъуэ, техникэ къащэхуным трагъэкlуэдэным щысхьурэ. Жыр тонн мелуан ягъэжын щхьэкlэ урысей комбинатым lуэхум ирешалlэ лэжьакlуэ минитху. США-м абы щрокъу цlыху… 300 къудей. Хэбгъэзыхьмэ, Китайм ар щахузэфlокl лэжьакlуэ 700-м.

Етlуанэрауэ, нэгъуэщl щlыналъэхэм быдэу я фlэщ щохъу Урысейр Европэм и къэрал «нэхъ щхьэхынэ дыдэу».

МОТ-м къызэритымкlэ, Европэм цlыхухэр зы тхьэмахуэ зэхуакум ику иту сыхьэт 40-кlэ, США-м - сыхьэт 44-кlэ, нэхъ «емыгугъу» Индием – сыхьэт 46-кlэ щолажьэ. Абыхэм елъытауэ дэ ди lэхэр зэтедзауэ дыщыс хуэдэу жыпlэ хъунущ. Ди къэралым ику иту дэтхэнэ цlыхуми зы тхьэмахуэ зэхуакум лэжьыгъэм щытригъэкlуадэр сыхьэт 35,5-рэщ. Гъэщlэгъуэнраши, нэхъ мащlэ дыдэу щылажьэр щlыдагъэрэ газрэ къыщыщlаш lэнатlэхэрщ. Абыхэм зи гугъу тщlы бжыгъэр сыхьэт 34-м щыщlигъуркъым. Урысей къулыкъущlэхэри гугъу ехьыркъым – сыхьэт 36,5-кlэ я lуэхущlапlэм щlэсу аращ. Дунейпсо мардэхэм тету лажьэр сатуущlхэмрэ банкирхэмрэ я закъуэщ.

Аращхьэкlэ МОТ-м къитхэр шэч къызытепхьэ мыхъуну пэжу щыткъым. Япэ щlыкlэ зэдвгъэгъащlэт а зэгухьэныгъэм дызыгъэгузавэ апхуэдэ бжыгъэхэр къыздырихыр. Къызэрыщlэкlамкlэ, ахэр абы езытыр ди Роскомстатырщ. Тельыджэ дыдэраши, а юмитетым зи гугъу тщlы бжыгъэхэр щебзыщl езым… и къэралым щыпсэухэм. Абы щэхуу ахэр ирегъэхь МОТ-м Женевэ щиlэ штаб-фэтэрым. Урысыбзэкlи традзэркъым. Къызыхэкlри гурыlуэгъуэщ: къэрал статистикэм и ныкъуэкъуэгъухэм аргуэру зы lэмал ягъуэтынущ lуэхум и щытыкlэмрэ жаlэхэмрэ ауэ жыжьэу зэрызэтемыхуэр ираудэкlыну.

Абы щыгъуэми, зыми и унафэ щlэмыт lэщlагъэлlхэм ирагъэкlуэкlа къэхутэныгъэхэм къагъэлъагъуэр нэгъуэщlщ. Газетым къыlэрыхьащ абыхэм ягъэхьэзыра «хъыбар щэхухэр». Къэхутэныгъэхэр ирагъэкlуэкlащ Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ министерствэм папщlэ. Иужьрейм зригъэщlэну хуейт урысей промышленностым лэжьыгъэм къыщит хьерыр зыхуэдизыр.

Зэуэ жыпlэмэ, зы лъэныкъуэкlэ lуэхухэр щlагъуэкъым. Етlысэха lэнатlэхэр къэралым щымащlэкъым. Заводхэм я процент 30-40-м лэжьыгъэм къыщыпах хьерыр дунейпсо мардэм елъытауэ хуэди 5-10-кlэ щынэхъ мащlэщ.

Европэм дылъэщIыхьэн папщIэ

● Улахуэхэр

Ауэ зи lуэхухэм емыхъулlэхэр завод цlыкlу дыдэхэрщ – цlыхуи 100 - 120-рэ нэхърэ нэхъыбэ щымылажьэхэрщ. Ахэр здэщыlэр цlыху мини 100 хуэдиз фlэкlа зыщымыпсэу къалэхэрщ. Зи гугъу тщlыхэм ягъэхьэзырхэр щрагъэкlыр езыхэм я лъахэрщ. lэмэпсымэхэр жьы хъуащ, щlэ къызэращэхун мылъку ябгъэдэлъкъым.

Аращхьэкlэ lуэхущlапlэ абрагъуэхэр щlэтхьэусыхэн щыlэкъым. Урысей заводхэм я lыхьэ тхуанэр хуэди 2 - 3-кlэ нэхъыфlу мэлажьэ езыхэр зыхыхьэ lэнатlэ псохэм нэхърэ. Пашэхэм я деж лэжьыгъэм къыщыпах хьерыр хуэди 10-кlэ щынэхъыбэщ езыхэм я lэнатlэм къадыхэтхэм нэхърэ. Япэ итхэмрэ къакlэрыхухэмрэ я зэхуакур куэдкlэ щынэхъ инщ металлургиемрэ ерыскъы промышленностымрэ - хуэдэ 25-кlэ!

Араши, завод цlыкlухэм я унафэщlхэм зэгупсысын яlэщ. Къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ компанием зиубгъухукlэ лэжьыгъэм къит хьерым хагъэхъуэнымкlэ lэмал нэхъ инхэр къызэрыкъуэкlыр. Апхуэдэу щыщыткlэ къызэтенэн папщlэ, ди промышленностыр зэкъуэувэн хуейщ.

Уи гуащIэм къыпэкIуэ сомыр

lэщlагъэлlхэм нэгъуэщl хэкlыпlэхэри къагъэлъагъуэ. Улахуэхэм зэрыхагъэхъуэм щышынэн хуейкъым! Языныкъуэхэм къалъытэ абыхэм псынщlэlуэу ди деж зыщаlэту.

Ар и щхьэусыгъуэу жаlэ ди промышленностыр лъэ быдэкlэ къызэрызэфlэмыувэфым.

Ауэ дунейпсо мардэхэм тепщlыхьмэ, ди хьэрычэтыщlхэм лэжьакlуэхэм ират улахуэр мащlэ дыдэщ. Урысейм улахуэм «къыщишэчыр» къэрал кlуэцlым къыщалэжь псоми я уасэм и процент 30-м щыщlигъуркъым. А бжыгъэр, псалъэм и хьэтыркlэ, Франджымрэ Германиемрэ процент 50, Швецием - процент 58-рэ, США-м - процент 60 щохъу!

Зэщхьэщыкlыныгъэр нэхъри белджылыщ компание щхьэхуэхэр зэбгъапщэмэ. США-мрэ Европэмрэ фирмэхэм я хэщl псоми и процент 25-40-р улахуэхэм токлуадэ, ди деж а бжыгъэр зэрыщыхъур ику иту процент 15 къудейщ. Урысейм щынэхъ хьэлэл дыдэр финанс компаниехэрщ - абыхэм lыхьэ щанэр хухах езыхэм я лэжьакlуэхэм. Щынэхъ нэпсей дыдэщ энергетикхэр – абыхэм улахуэхэм папщlэ «ягу пыкlыр» процентр 5 къудейрщ.

Абы къокlыр ди компаниехэм ди деж цlыхухэр нэхъ хуабжьу щагъэпщылlу. Уеблэмэ къухьэпlэ концернхэри Урысейм щыт етщ а хабзэм. «Прайс Вотерхаус Куперс» компанием къызэрибжамкlэ, 2007 гъэм езым и урысей лэжьакlуэхэм я улахуэхэм инвестицэ папщlэу къахуиутlыпща дэтхэнэ зы сомми хэхъуэу соми 2,3-рэ къахуихьащ. А бжыгъэр хуэди 2-кlэ щынэхъыбэщ Европэм нэхърэ! Нэгъуэщlу жыпlэмэ, дэ къэдлэжьа дэтхэнэ зы сомми къыпэкlуэр кlэпlейкlэ 30-м нэхърэ нэхъ мащlэщ.

Нэгъуэщl зы лъэныкъуи щыlэщ: ди деж лэжьыгъэм къит хьерыр зыхуэдизыр къыщыкlэроху цlыхухэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъум елъытауэ. Ауэ, сыт хуэдэу щымытами, псынщlэ дыдэу зитчми, дэ ди дежкlэ гугъуу щытынущ «нэхъ зызыужьа къэралиблым» 2020 гъэм улахуэкlэ дальэщlыхьэныр. «Абы папщlэ зэкlэлъыкlуэу илъэс 13-кlэ ди деж лэжьыгъэм къит хьерыр гъэ къэс процент 12-кlэ щыхэхъуэн хуейщ», - къибжащ экономист Сальников Владимир. Пэжщ, иужь илъэси 7-м ар нэхъыбэ зэрыхъуар процентр 6 къудейкlэщ, ауэ ди хэхъуэхэр хуэди 6,5-кlэ щыдэуеящ. Апхуэдэу щыщыткlэ дэ зэкlэ къэдлэжьыжакъым а къыт хуаутlыпща мащlэ дыдэри.

ГУРДИН Константин.
«Аргументы и факты».

● НАТО-мрэ Кавказ Ипщэмрэ

ХэпщIыкIыу йокIакIуэ

США-м и лъэпкъ тlасхъэщlэх lуэ хущlапlэм и унафэщl Мак-Коннел Майкл америкaн Конгрессым зи чэзу докладыр щищlу къыщыщыпсалъэм, Урысейри яхилъыташ и къэралым «и бий бзаджэхэм». Сыт абы къикlыр? Къэралышхуитlым я зэхущытыкlэхэр хэпщlыкlыу зэрекlакlуэрщ.

Нэхъапэхэм хуэмыдэу, НАТО-ри щlэх-щlэхыурэ ди къэрал гъунапкъэхэм къытегуплlэ хъуащ. Зауэ-Хьэуа Къарухэм я Ленинград армэм и унафэщl генерал-лейтенант Свиридов Владимир зэрыжиlамкlэ, 2007 гъэм къриубыдэу ди къэралым и къухьэпlэ гъунапкъэхэр НАТО-м и къухьлъатэхэм къызэпаупщlащ 400-рэ. Мызэ-мытlэу ракетэ-зенит гупхэр гъунэгъу дыдэ хуэхъуат я къарур къэгъэсэбэпыным, гъунапкъэм «къищхьэрыуахэм» удын гуащlэ ирадзыным.

УФ-м хамэ къэрал lуэ хухэмкlэ и министр Лавров Сергей мазаем и 8-м къехьэкl-нехьэкl хэмылъу жиlащ ПРО америкaн системэхэмкlэ Урысейр къызэраухъуреихьыр, абы щыщ lыхьэхэр Европэм и къэрал зыбжанэми, Аляски, Азием и щlыпlэ языныкъуэхэми зэрыщаухуэнур.

А lуэхум зэпlэзэрыту тепсэлъыхьами, шэч зыхэмылъщ Лавровым и «жыпым» зэрилъыр дызыгъэшынэну хэтхэм ярытыпхъэ жэуап щхьэхуэхэр. Абы щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщlэ, Урысейм и lэщэ нэхъ лъэщ дыдэхэр мы зэманым Европэм и къэрал зыбжанэм, Куржым, Азербайджаным ятегъэпсауэ зэрыщытыр. Жыlэн хуейщ Урысейр lэмалыншагъэм ирихулlэмэ, абы и lэщэм а къэралхэр къезыгъэлыфын къару США-ми НАТО-ми зэрыкъуэмылъыр.

Апхуэдэу щыт пэтми, НАТО-м хыхьэну хущlэкъу къэралхэм я унафlэщхэм жаlэ Урысейр езыхэм къафlэлlыкlыпхъэу, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ «дяпэкlэ зэгъунэгъу дыдэ хъунущ абы и къэрал гъунакъэхэмрэ НАТО-м ейхэмрэ». Дагъэшынэну хэтщ. Ауэ дахэ-дахэу зыхащlэркъым апхуэдизу ахэр зыщыгугъ зауэ зэгухьэныгъэм и мыхьэнэр кlуэ пэтми зэрехуэхыр.

Иджыблагъэ Пентагоным и унафэщl Гейтс Роберт зиумысыжащ «НАТО-м хэт къэрал языныкъуэхэр гъэунэхуныгъэ гуащlэхэм зэрыхуэмыхьэзырымкlэ», ахэр нэгъуэщlхэм щапхъэ яхуэхъумэ, «НАТО-м и къэкlуэнур пшагъуэм къызэрыхэхутэнумкlэ».

Къимыдэкlэ, НАТО-м хуэпабгъэ къэралхэр (Куржыр, Польшэр, Украинэр, абыхэм я lупэфlэгъу Арменияр, Азербайджаныр, нэгъуэщlхэри) Урысейм быдэу пыщlащ экономикэ и лъэныкъуэкlи. Урысеймрэ НАТО-мрэ я гъунапкъэхэр зэлъэlэсмэ, зи гугъу тщlа къэралхэм абы, дауи, фlы щlахынукъым.

ШАКАРЯНЦ Сергей.
«Северный Кавказ» газет.

● ПсэупIэ

ПсыщIагъ мывэхэр

Нобэ унэ зыщlэсын зымыlэхэм я нэхъыбэм я лъэр нэхъыфlкlэ зыхуэужьыну хуейхэм я дежкlэ дэlэпыкъуэгъуфlщ банк lуэхутхьэбзэхэм я лlэужьыгъуэ ипотекэ щыхъур. Кредитыр латиныбзэм къытекlащ, credium псалъэм «щыхуэтын» къокl. Къыщежьар жыжьэми и мыхьэнэм зиужьакъым. Щыхуэр, зэрыгурыlуэгъуэщи, ауэ къуатыркъым, атlэ ахъшэм процент гуэрхэр пlалъэкlэ къыпокlуэ, зытам и фейдэ хэлъу. Мыр СССР-м и зэманым къагъэсэбэпу щытащ хьэпшып мылъапlэ дыдэхэр апхуэдэу къуащэрэ хуэм-хуэмурэ упшыныжу.

Ипотекэр алыдж hypotheke псалъэм къытокl, къызэрыбгурыlуэнури «зыгуэрым пэкlуэщ» жыхуиlэщ. Мыр урысыбзэ «залог»-рэщи унэ-лъапсэм пэкlуэн, хуэфэщэн жылэщ къызэрыбгурыlуэнур.

А ПСАЛЪИТlЫР зыпыгъуэва хъуауэ къекlуэкl ипотекэ кредитыр, зэрыгурыlуэгъуэщи, щыхуэ къудейм къыщхьэщокl. «Мыр тlыпхыр хьарзынэщ, ауэ зыгуэр мыхъу хъужыкъуэмэ, сыт абы хуэфащэу къыпытхыжыфыну?» - аращ ипотекэ щlыхуэ къозытыр зэгупсысыр.

Урысейм иджыблагъэ къыщауба мы щыхуэ лlэужьыгъуэр лагъымкlэ куда губ- гъэм ирагъэщхь. Пцlы зыхэмылъраши, щlыхуэшхуэ къэпщытэнумэ, шынагъуэшхуэми ухуэхьэзыру ущытын хуейщ нэгъуэщlу жыпlэмэ, дзыхьщlыгъуэджэщ.

Лъагъуэ гуэр кlуэцlрыкlыу пlэрэ а лагъым губгъуэм?

«Дыщэ lуащхьэ»

Сеуэу щыхуэ къеlыхсыну унэ къэсщэхун? Абы утегушхуэн и пэкlэ мыр зыхыбгъэкlын хуейщ. *Япэрауэ*, ипотекэ щlыхуэм узыщlэхуэпс унэр нэхъ зэlыбгъэхъэзыгъафlэ зэримыщlыр хъэкъыу зыпхыгъэкl. Армырами, апхуэдиз лъэпсейгъэ зиlэ метр зэбгъэхуэнатlэхэр абы нэхъ лъапlэж ещl.

Мыбы зы фlагъ хэлъщ. Унэр къызэрыпщэхуну ахъшэр гугъу удемыхьу уи lэрылъхьэщ, уи пlэ умыкlыу жьыуаlэм хуэдэу. Пlихыр сыт жыпlэмэ, фlэщхъугъуейщ, ауэ щlыхуэ къуитам хуэдизитl-щы пlэщlэкlыжыну упшыныж хуэдэурэ.

Етlуанэрауэ, щlыхуэ къыlомыс щlыкlэ умыщхьэх къыубжьыну зы илъэсым къэбгъэжьыфыр зыхуэдизыр. Ар къэпхутамэ, щlыхуэ къеlыпхым и бжыгъэр уи илъэс улахуэм 3-5-кlэ фlэкlа емыбэкlмэ, щlыхуэм утегушхуэ хъунущ. Армырамэ, апхуэдэ щlыхуэ lуэху зумыхуэхэхэмэ, нэхъыфlщ.

Къапщтэмэ, илъэсиблпщlым къэблэжьынур зэрыщыту а унэм щlэптынумэ, ипотекэм а уасэр хуэдитlщlыкlэ егъэбагъуэ. Абы къикlращи, унэм и хьэтыркlэ илъэс 14-30-кlэ улахуэ лъэпкъ къызэрыпlэрымыхьэнур зэгъащlэ.

Узыщlэсын унэ уимыlэмэ, нэгъуэщl хэкlыпlэ уззримылэм урихулlэрэ къеlыпхыну утегушхуэмэ, банкым зыкъыпщlигъэкъуэну хьэзырщ. Ар пэжщ, ауэ уэ къыппахыну фейдэм езыхэм хуэхъэзырщ. Пщlэну щхьэпэщ: адрей къэралхэм елъытауэ урысей ипотекэр егъэлеяуэ лъапlэщ. Зэрылъапlэм ищlы- lужкlэ, дэфтэрхэр щыптым къыщыщlэдзэрэ унэ къыхэхыным щыщlэкlыу узыхуэхуэну лъэпщхьэпохэми ухуэхьэзырын хуейщ, уи узыншагъэр къызэтенэн щхьэкlэ.

Ещанэрауэ, щlыхуэ къуэзэрат зэгурыlуэныгъэ къуащlылlэм нэрымылъагъу хьилагъэ гуэрхэр щыхагъапщкlуэ щыlэщ зэ еплъыгъуэкlэ юристым фlэкl къыхуэмыхутэну. Псалъэм папщlэ, языныкъуэ банкхэм и пlалъэр къэмысу щlыхуэр упшыныжыну къыппаубыдыфыну хуит зыщl, а щlыхуэм къыпэкlуэ процентым и бжыгъэм зригъэхъуэжыну хуиту къыщагъэув.

Мыр фи фlэщ фщlы. Илъэс 20-25 пlалъэкlэ къеlыпха щlыхуэм пэкlуэн процент ныкъуэкlэ (0,5%) зихъуэжмэ, ар банкым и дежкlэ «дыщэ lуащхьэ» мэхъу.

Банкхэм къыткlэлъызэрахьэ хьилагъэхэр хэlущlыlу къэтщlащи фыхуэсакъ, закъевмыгъэгъапцlэ.

КОНСТАНТИН Гурдин.
«Аргументы недели».
Зэзыдзэкlар
ДЫЩЭКl Сонящ.

●Африкэ

Чадым и иджырей дунейр

Президент Деби Идрисс къигъэгугъат къэралым зэпэщIэувэныгъэхэр, лъыгъажэхэр щигъэувыIэну. АрщхьэкIэ абы и къалащхьэ Нджаменэ къратыкI хъыбархэм дигу къагъэкIыж фронтым къикIыу щытахэр. Франджым и жыIэм къызэрыщIэкIрэ - 1960 гъэм и шыщхьэIу мазэм - Чадым зэпымыууэ цIыхухэр щызозауэ. Мыбы лъэпкъ 200-м нэблагъэ щопсэу. Ахэр зэгурыбгъэIуэну гугъущ. АрщхьэкIэ зи чэзу къаугъэр 2004 гъэм къэхъеящ Чадым нэгъуэщI къэралхэм щIыдагъэ ярищэу щIидза иужь. ЗэкIэ Нджамени, къэралым и адрей щIыналъэ зыбжанэми щымамыр хуэдэщ, арщхьэкIэ апхуэдэу щытыну куэдрэ? А упщIэм и жэуапыр къалъыхъуэ дунейпсо жылагъуэм, щIыпIэм щекIуэкI Iуэхухэм зи сэбэп хэлъ къарухэм.

Зи экономикэр ехуэха, зи Iэпкълъэпкъыр зэпкъырыхуа, зи псэукIэр екIэкIуа, зи фIэщхъуныгъэр зыфIэкIуэда, зи зэхэтыкIэр зэIумыбз, зи къэкIуэнур мынаIуэ къэралыр Путин Владимир зэрыIэрыхьэрэ илъэси 8 хъуащ. АтIэ, сыт а зэманым къриубыдэу къэхъуар? Куэд. ФIы и лъэныкъуэкIэ куэд дыдэ.

Медведев Дмитрий къыхызох

● Хэхыныгъэхэр

КЪЭРАЛЫР зэпкъырыхуныр къызэтегъэувыIа, Урысей Федерацэр зэщIэкъуэжа хъуащ, Кавказ Ищхъэрэм зауэр щызэтеувыIащ, Шэшэныр УФ-м и щIыналъэу къэнэжащ, абы и властыр хабзэм тету хахыжащ, щIыпIэ куэдым щызэхалъхьа хабзэхэр федеральнэм трагъэхуэжащ. ИщхьэмкIи щIыналъэхэми щыIэ унафэщI IэнатIэхэр зэпIэзэрыту лажьэ хъуащ. Урысей Федерацэр дунейпсо утыку лъэ быдэкIэ иуващ, абы и пщIэр ину къэIэта хъуащ. Мы зэманым дэ къэрал нэхъ лъэщхэри къытфIолIыкI, ди макъыр нэхъ зэхах. Ди дзэхэр зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэща хъуащ, абыхэм я пщIэм зыкъиIэтыжащ, я къарум куэдкIэ хэхъуащ, къэралыр зэрахъумэжыфын зэфIэкI ябгъэдэлъщ.

1999 гъэм къэралым цIыхуу исым и Iыхьэ щанэр къулейсыз дыдэ хъуат. Илъэси 8-м къриубыдэу лэжьапIэншэхэмрэ тхьэмыщкIапIэм итахэмрэ я бжыгъэр хуэдитIым щIигъукIэ нэхъ мащIэ хъуащ. ЦIыхухэм я хэхъуэм хуэдитIрэ ныкъуэкIэ нэхъыбэ, пенсэм хуэди 2,5-м нэскIэ хэхъуащ. Иджы къэхъужыркъым лэжьапщIэр щамыт, пенсэхэр щагъэгувэ. А псори къыхэкIащ къэралым и промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм зэрызаужьым, экономикэм зыкъызэриIэтыжым. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ мыпхуэдэ щапхъэхэр хьэлэмэтщ.

Илъэси 8-м къриубыдэу Урысей Федерацэм къыщалэжь къэрал кIуэцI продуктыр процент 72-кIэ хэхъуащ. Апхуэдэ щIыкIэм тету кIуэмэ, 2009 гъэм и кIэхэм ар хуэдитIкIэ къэIэта хъунущ. Мы зэманым ВВП-р процентр 7,8-м тетщ. Апхуэдэу псынщIэу зызыужь къэрал куэд щыIэкъым. Урысей Федерацэм и экономикэм нэгъуэщI къэралхэм къыхалъхьа инвестицэр хуэди 7-кIэ нэхъыбэ хъуащ. 1999 гъэм елъытауэ рынок зэхущытыкIэхэм хуэдэ 22-кIэ нэхъ псынщIэу заужьащ икIи ар доллар зы триллионрэ мелард 330-м нэсащ. Япэхэм Урысей Федерацэм ахъшэу щызекIуэм и зэхуэдитIым щIигъур нэгъуэщI къэралхэм къыIаха щIыхуэти, иджы ар зэрыхъужыр процентр 3 къудейщ. Урысейм нэгъуэщI къэралхэм сату зэрыдищIым хуэди 5-кIэ хэхъуащ. Мыри щапхъэ гъэщIэгъуэнщ. Япэхэми ди къэралым ахъшэу доллар мелард 25-м нэс икIыу щытамэ, 2007 гъэм нэгъуэщI къэралхэм къикIыу Урысей Федерацэм къихьащ доллар мелард 82-рэ мелуан 300-рэ.

А псори, абыхэм лъэпкъ проектхэу яубзыхуахэр иужьрей илъэсхэм гъэзэщIэнри хэлъхьэжауэ, сэбэп хъуащ цIыхуу лIар нэхъ мащIэ, сабийуэ къалъхур нэхъыбэ щIынымкIэ. Иужьрей илъэс 15-м къэмыхъуауэ къалъхур лIэм нэхърэ нэхъыбэщ.

Апхуэдэ гъуэгущ Путин Владимир мы илъэси 8-м дызытригъэувар. Абы и плъапIэри нэхъыбэжщ, нэхъыфIыжщ. А лIыр къэралым илъэс 12-кIэ игъуэтыну зыужьыныгъэхэм кIуэцIрыплъащ. Ахэри хьарзынэщ. Псом япэу Урысей Федерацэр дунейм щынэхъ къулей дыдэ къэралитхум я сатырым хэувэфынущ. Къэралым и экономикэр, абы къыдэкIуэу цIыхухэм я псэукIэри фIыуэ къэIэта хъунущ. ЦIыхуу хъуам я процент 60-р класс курыт жыхуаIэм нэсынущ, къыфIэбгъэкIмэ, процент 70-ми щхьэдэхынкIи хъунущ. Къэралым иIэр ирихьэлIэнущ цIыху къулейсыз щымыIэжыным. Мы илъэс гъунэгъу дыдэхэм пенсэр хуэдитIым щIигъукIэ хэхъуэнущ, лэжьапщIэр фIыуэ къэIэта хъунущ, сабий псобиехэр нэхъыбэ ящIынущ. Нобэ къэралым цIыхухъуу исым я зэхудитIыр илъэс 60-м щхьэдэмыхмэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу псэукIэр егъэфIэкIуа зэрыхъунум, узыншагъэр хъумэным гулъытэ хэха зэрыхуащIынум и фIыщIэкIэ ахэр илъэс 75-кIэ псэуф хъуну хуагъэфащэ.

Занщlэу жыпIэмэ, къытпэщыт илъэс 12-м промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, щIэныгъэм, медицинэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм ягъуэтыну зыужьыныгъэр хъуэпсэгъуэщ, дахэщ. Ар къанэ щымыIэу къыдэхъулIэн папщIэ, псори зэлъытэжар дэращ, къэралым ис цIыхухэрщ, мы гъэм гъатхэпэм и 2-м екIуэкIыну президент хэхыныгъэхэм дызэрыхэтынурщ. Абы папщIэ псори хэхыпIэ участкэхэм декIуэлIэн, президент хъуну нэхъ зыхуэфащэм, Путин Владимир иубзыхуа гъуэгум ирикIуэнум папщIэ, Iэ тIэтыпхъэщ.

Iэ зэраIэтыну бюллетенхэм кандидатиплI иратхащ: Богданов Сергей, Жириновский Владимир, Зюганов Геннадий, Медведев Дмитрий сымэ. Сэ жысIэркъым ахэр а IэнатIэр зыхуэмыфащэ кандидату. Ауэ си щхьэкIэ си дзыхь езгъэзыфынукъым зэгуэр зэрыхьзэрий къэзгъэсэ- бэпу цIыху куэд дыдэ къэзыгъэпцIам. Сэ сыщошынэ къэралыр иригъэкIуэтыжу илъэс 70-м щIигъукIэ зытета гъуэгужьым дытригъэувэжыну жызыIэми. Абы лъыгъажэ, зэрыфыщI, зэрыукI къикIынкIи хъунущ. Куэдыщэщ ди къэралым щаукIари, лъыуэ щагъэжари. Кандидатхэм яхэтщ КъуэкIыпIэри Къухьэпlэри зымыдэ, абыхэм ди щIыб яхуэдгъэзэн хуейуэ жызыIи. Ухуейми ухуэмейми, уфIэфIми уфIэмыфIми, уи бий дыдэри яхэтыжу, къэралу щыIэм уадэлэжьэн, задебгъэкIуфын хуейщ. Арыншауэ упсэуфынукъым икIи уагъэпсэунукъым! Уи гъунэгъум удемыкIуэкIыфу, зэи уи закъуэ зыбужьынукъым.

ИкIэм-икIэжым, кандидатхэм яхэтщ къэрал псоми ядэлэжьэфын, псоми

● КIэщI дыдэу

Ипщэ щIыналъэм щыхъыбархэр

●Дызыхуэкlуэ бжьыхьэм и жэпуэгъуэ мазэм хьэзыр хъунущ Геленджик (Хьэфlыцlей) къалэм пэгъунэгъуу щаухуэ аэропортыр. Абы лажьэу щlидзэмэ, тенджыз Фlыцlэм и lуфэм зыщызыгъэпсэхухэм я бжыгъэр, lэщlагъэлlхэм къызэралъытэмкlэ, хуэдитlкlэ нэхъыбэ хъунущ.

●Кавказ Ищхъэрэм и щlыналъэхэм ящыщу иужьрей илъэсхэм сабий нэхъыбэ къыщалъхур Шэшэнырщ. 2006 гъэм мы республикэм сабийуэ къыхэхъуащ мин 28-м нэблагъэ, 2007 гъэм къриубыдэу - мин 34-м щlигъу.

●Ингушым мыгувэу (мэкъуауэгъуэ мазэм ирихьэлlэу) лажьэу щаутlыпщынущ чырбыш щагъэхьэзыр заводитl. Абыхэм зы илъэсым къыщlагъэкlынущ чырбышу мелуан 22-рэ.

●Ставрополь крайм и Къэрал Думэр тепсэлъыхьащ курорт къалэхэм щlыр къызэрыщагъэсэбэп щlыкlэм. Мы lуэхум куэдыр тогузэвыхь: щlыпlэ куэдым щокlуэкl къалэ унафэщlхэм хуит ямыщlа ухуэныгъэхэр. Цlыхубэм куэдкlэ къахуэщхьэпэну псы хущхъуэхэр къыщыщlэж щlыпlэхэр къаубыдурэ, «хьэрычэтыщlэ» щхьэхуэхэм яухуэ псэупlэ унэхэр, псэуалъэхэр, къызэрагъэпэщ гъавэ щlапlэ хьэсэхэр, жыг хадэхэр.

●Мы гъэм щlадзэнущ тенджыз Фlыцlэм и lуфэхэр зыпызыщlэну гъущl гъуэгущlэхэр ухуэным. Ар яухынущ 2014 гъэм, Щlымахуэ Олимпиадэр къызэlуамых щlыкlэ. Гъуэгущlэм и сэбэпкlэ москвадэс хэр Сочи къалэм нэсыфынущ хуэдитlкlэ нэхъ псынщlэу - сыхьэт 15-16-кlэ.

«Северный Кавказ» газет.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.



Къардэнгъущl Зырамыку. *1982 гъэ*

НОБЭРЕЙ Псыгуэнсу къуажэм пасэм зэреджэу щытар Жанхъуэтхьэблэщ. Бгыжьымрэ БгыцIыкIумрэ я лъабжьэм щIэсщ Псыгуэнсуупсымрэ Шэрэджыпсымрэ я Iуфэм декIуэкIыу. Псыгуэнсу псыр, къуаж экум щызэ хуэзэ у, Шэрэджыпсым и сэмэгурабгъумкIэ холъэдэж.

Жанхъуэтыпщыр, и уэркъхэмрэ и пщылIхэмрэ и гъусэу, а щIыпIэм къыщытIыса зэманыр зыми ищIэжыркъым, зыщIыпIи тхауэ иткъым, Жанхъуэт и къуажэр Псыгуэнсу псым и ижырабгъумкIэ щысщ, жаIэу ятха фIэкIа.

Жанхъуэт, пщышхуэ лъэпкъым къыхэкIауэ, Беслъэн пщIапцIэ и лIакъуэхэм ящыщт. 1. Беслъэн и къуэр Къетыкъуэщ, 2. Къетыкъуэ и къуэр Пщыапщокъуэщ, 3. Пщыапщокъуэ и къуэр Къазийщ, 4. Къазий и къуэр Жамбулэтщ, 5. Жамбулэт и къуэр Бэчмырзэщ, 6. Бэчмырзэ и къуэр Тэтэрхъанщ, 7. Тэтэрхъан и къуэр Жанхъуэтщ. Аращи, къуажэр зыгъэтIыса, зи цIэ зэрихьэу щыта Жанхъуэтыр Беслъэн и 7-нэ лIакъуэщ.

Пэжыр жытIэмэ, Къэбэрдейр зезыхьар Беслъэн и лIакъуэхэращ. Идар и лIакъуэр - Темрыкъуэрэ Къанибоэлэтрэ я бынхэр - Урысейм зрагъэхьри, абыхэм яхэкIуэдэжащ, яхэшыпсыхьыжащ.

Талъостэнрэ Джылахъстэнрэ я бынхэм зэзэмызэххэ фIэкIа пщыгъэр ирамыгъэубыду, Беслъэн и лIакъуэм Къэбэрдейр зэрахьащ.

Къэбэрдейхэм жаIэу щытащ: «Мыщэ лъхуэри дыщэ къилъхущ, дыщэ лъхуэри мыщэ къилъхущ». Ар апхуэдэу щIыжаIар мырат: ищхьэмкIэ зи гугъу тщIа Бэчмырзэ и теплъэкIи и хьэл-щэнкIи къэбэрдейхэр зэреджэр «мыщэт». Абы и анэ къилъхуа и къуэш нэхъыщIэ Къетыкъуэ и цIыхуфIагъэм, и теплъэ дахэм къыхэкIыу къэбэрдейхэр зэреджэр «дыщэт». Ауэ а зэкъуэшитIым къалъхуа я къуитIыр я адэхэм зыкIи ещхь хъужатэкъым. Бэчмырзэ «мыщэ» лъхуэри, Тэтэрхъан «дыщэ» къилъхуат, Къетыкъуэ «дыщэ» лъхуэри, Аслъэнбэч «мыщэ» къилъхуат. Арати, къэбэрдейхэр Тэтэрхъан «дыщэкIэ» еджащ, Аслъэнбэч - «мыщэкIэ». А къомыр къыщIыжытIэр Тэтэрхъан «дыщэ» и къуэщ Жанхъуэтыр. Бэмырзи Тэтэрхъани я кхъэлэгъунэ чэщанэхэр Шэджэм псым и Iуфэм иджыри Iутщ.

Жанхъуэт Къэбэрдейм пщы уэлийуэ тIэунейрэ тетащ. Япэм 1753 - 1759 гъэхэм, етIанэу 1770 - 1780 гъэхэм. Жанхъуэт етIуанэу пщы уэлийуэ щытетам щыгъуэ, Аслъэнбэч и къуэ Хьэмырзэ лIы кIэщIрэ ХьэтIохъущокъуэ Мысострэ, тетым емыдаIуэу, «жэщтеуэ зауэр зэхашауэ щытащ. Хьэмырзэ и адэшхуэ Къетыкъуэ IэщIэлъа «Къетыкъуей тIуащIэкIэ» зэджэ щIыр (иджы Альтудыр, Псыншокъуэр, Къэрэгъэшыр зэрыс щIыпIэхэр) урыс пащтыхьым иубыдати, ар къытрихыжыну, Къетыкъуэ и къуэ Хьэмырзэ лIы кIэщI, Къэбэрдейри, Псыжь адрыщI щыпсэу адыгэхэри къызэщIиIэтэри, жэщу урыс станицэм теуауэ щытащ. А зауэм адыгэхэр урысыдзэм гущIэгъуншэу къыщызэтраукIауэ щытащ. Езы Хьэмырзи а зауэм хэкIуэдащ. «Жэщтеуэ» уэрэдыр яусыныр къызыхэкIари а зауэращ. Аслъэнбэч и къуэ Хьэмырзэ зэхишауэ щыта зауэр Жанхъуэтыпщым игъэзэхуакъым. «Къэралыжьым феныкъуэкъункIэ фымащIэщ, фи IэмыщIэм къимытIэсхьэнум фыщIокъу» жиIауэ щытащ Жанхъуэт. «Жэщтеуэ» уэрэдым а псалъэ дыдэхэр халъхьащ «Къэбэрдейр Жанхъуэтыпщым федаIуэркъым» жаIэу.

Жанхъуэт лIащ 1785 гъэм. Езыр щыпсэуа и къуажэкум, зэрыса и щIапIэм и хадапхэм деж, Iуащхьэ щыхуащIри, абы щыщIалъхьэжащ. ИужькIэ а Iуащхьэм деж щыщIалъхьащ Кушыкуи, и бынхэри. А Iуащхьэр иджыри щытщ. КIасэм и цIэр зезыхьэ уэрамымкIэ удэжейуэрэ Къардэнгъущl хьэблэм узэрыблэжу, щыгу цIыкIум унэса нэужь, ижьырабгъумкIэ щытщ. Совет зэманым а Iуащхьэр Дол Къантемыр и унапIэм хиубыдэу, Къул Темыркъан и хадапхэм пэщыту щытащ. Иджы ар зи хадэ итыр сщIэркъым.

Жанхъуэт лIа нэужь, абы и къуэ Кушыку ди къуажэпщу щытащ, нэхъ иужьыIуэкIэ Къэбэрдей псом я пщышхуэу хахащ.

Кушыку къалъхуащ 1785 гъэм, уэлигъуэр пщыгъэр къылъысащ илъэс 27-м иту. Кушыку фызищ иIащ: Щэхугъуей гуащэр, Хъаний, ещанэм и цIэр тщIэркъым.

Щэхугъуей гуащэм къилъхуауэ Хъымсад гуащэрэ Чэбэхъан гуащэрэ иIащ.

Хъымсад

Хъымсад куэду цIыхубз дахэу щытауэ жаIэж. Хъымсад и ишэгъуэ щыхъуам щыгъуэ, Аршыдан Хьэмырзэхэ я джэгум яшауэ щыIэу, Т алъостэнхэ Ас лъэнбэч къигъэзуджащ.

- Уэ сигу урохь, укъыз дэкIуамэ, укъэсшэнут! - жиIащ Талъостнхэ я къуэм.

- Сэри сигу урохь, сыбдэкIу энт, ауэ си адэм уасэшхуэ къыппиубыдынущ, - жиIащ Хъымсад.

- АтIэ дауэ укъэсхьа хъуну?

- Мэрем мах уэм мэракIуэхьэ, шу гъусэ зыкъом сщIыгъуу сыкIуэнущи, лIыгъэ уиIэмэ сыпхьынщ, - жиIащ Хъымсад.

- ЛIыгъэм Iуэхур хуэкIуэмэ, уэрэ сэрэ зы дыхъунщ! - жиIащ Аслъэнбэч. Мэрем махуэр пIалъэу зэратащ.

Мэрем махуэм и пщэдджыжьым, хъыджэбз гъусэх эр иIэу, шу гъусэхэр и куэду, Хъымсад гуимэм ис у Вындыб лъапэ декIуэкI екIэпцIэ мэзым щыщIашым, Талъостэн Аслъэнбэч, щолэхъуш тесрэ и нэм фIэкIа къыщIэмыщу и щхьэр бащлъыкъкIэ фIэпхыкIауэ, зэрызехьэу кIуэ гупым къахэлъадэри, гуимэм ирихулIащ. Хъымсад зыкъыщришиикIым, Аслъэнбэчым къипхъуатэщ, и шыплIэм дидзэри, екIэпцIэ мэзым хэлъэдэжащ. АрщхьэкIэ Хъымсад и гъусэхэр шу куэд хъур т, мойтIур ипщэкIи ищхъэрэкIи ямыгъакIуэ щыхъум, Аслъэнбэч зытес щолэхъур Вындыб джабэ кIэрихуащ. Хъымсад игъуса шухэр Вындыб джабэ кIэрымыхьэфу къагъэзэжащ. Вындыб джабэ апхуэдизкIэ задэщи, лъэси шуи дэкIыфыркъым. Джабэм кIэрыт мэз Iувым зыри пхыкIыфыртэкъым.

Щолэхъум, Аслъэнбэчи Хъымсади зэрытесу, бгыщхьэм нэс диххэри зэгуэудащ. Аслъэнбэч и шым кIэрылъ щолэхъу дамыгъэр къытригъэжри щIитIащ. Уанэр и щIыб ирилъхьэщ, Хъымсад и Iэпэр иубыдри, лъэс защIэу мэзымкIэ щIэкIри, Къуэгъулlыкъуэ и къуэм деж екIуэлIащ.

Къуэгъулlыкъуэр уэркъ т, лъэпкъ мащIэт, ау э лъэпкъ хахуэт. «Къуэгъ улlыкъуэхэ я унэ, гущэм, сэ узохь, ар закъуэрыгушхуэщи, лъэпкъ мащIэщ» жеIэ «Жансэхъухэ я уэрэдым». Абы къегъэлъагъуэ Къуэгъулlыкъуэм лIыгъэ зэриIар.

- Ди щхьэр къотхьэлIащ, Къуэгъулlыкъуэ и къуэ, дэлэл къытхуэхъу, Кушыку ипхъу Хъымсад езым и фIэфIыныгъэкIэ къесхьэжьащ. Си шыр зэгуэудри, лъэсу дыкъокIуэлIащ.

- Фымыгузавэ, сэ фыкъыскъуэнэнщ, псори хъарзынэу зэфIэкIынщ, - жиIэщ, и хьэщIэщ нэхъ лъапIэм щIигъэтIысхьэхэри, езыр, пIалъэ къыхимыгъэкIыу, шэсри Кушыку и деж кIуащ.

- Уэркъхэр дыфкъуэмытмэ, фэ пщыхэри фыкъаруушэщ, Кушыку, сэ Iуэху кIэ сыкъокIуэ лIащи, къысхуу мыщIэу хъунукъым, - жиIащ Къуэгъулlыкъуэм.

- Абы къыщумыгъажьэу, узых уейр жыIэ, Къуэгъу лIыкъуэ! - жиIащ Кушыку.

- Уипхъу Хъымсад Талъостэн и къуэ Аслъэнбэч къызихьэлIащ. Залымыгъэ лъэпкъ хэмылъу, уи пхъум и арэзыныгъэкIэ къэхъуа Iуэхущ. Талъостэнхи пщышхуэ лъэпкъщ, малъхъэ къыпхуэхъуар къызыхэкIа Талъостэнхэ я пщыгъэр зыхъумэ щIалэщ. Пщыхэм я бын щызэрышэкIэ яту нобэ зекIуэ уасэри къыуитынущ.

- Сэ згъэув уасэращ къызитынур. Сэ сыкъэзымыгъэпэжа сипхъуми хуэзгъэгъунукъым. Аращ жепIэжынур, - жиIащ Кушыку.

- Дызэгурыlуащ, сэ зи щхьэ къызэзыхьэлIа ныбжьыщIитIым хабзэкIэ я хьэкъ къыстенэнкъым! - жиIэщ, я Iэр зэрыубыдыжри, Къуэгъулlыкъуэр шэсыжащ.

Къуэгъулlыкъуэм Хъымсадыр фызышэшхуэу Талъостэнхэ ях уригъэшащ.

Къэбэрдеипщхэр ежэу Талъостэн Щолэхъужьым и къуажэ 30 ягъэса нэужь, Тэрч зэпрыкIыу Джылахъс тэнейм я пщым тIысыгъэ зэрищIам щхьэкIэ, зэпымыу уэ зэзау эх эрт. Псом х уэмыдэу, хъийм икIар Мудар Хьэфэ и бынхэрат.

Хъымсадрэ Аслъэнбэчрэ илъэситI нэхъыбэ зэдэмыпсэуауэ, зы щIалэ цIыкIу яIэу, Аслъэнбэч жэщым унэм къыщIашри къаукIащ.

Хъымсад къуэ къилъхуати, Къэрэщей фIащащ. Зэгуэр Къэбэрдейр зыIэщIэлъу щыта Щолэхъужьым и къуэ Къэрэщей и цIэр Хъымсад и сабийм фIащыжауэ арат.

Кушыку и пхъум хуэарэзытэкъым, къемыдаIуэу Талъостэнх э я къуэм дэкIуауэ зэрыщытам щхьэкIэ.

Хъымсад дахэр фызабэу къызэрынар нэгъуеипщ Тыгъуэнхэ Бес лъэн къыщищIэм, Мэртазэхэ къекIуалIэри, Хъымсад и адэ Кушыкурэ езымрэ дэлэл къахуэхъуу, Хъымсад кърагъэшэну е лъэIуащ. Мэртазэх э дэлэл хъуну акъылэгъу хъури, Iуэхум хыхьащ. И пхъум гужьгъэжь хузиIэ Кушыку арэзы техъуэщ, нэгъуей жэм куэд къаIихри, Хъымсад Тыгъуэн Беслъэн иритащ. А псори езы Хъымсад иуса уэрэдым къыщеIуатэ. «Емынэм и бэракъ фIыцIэр Мэртазэхэ къыщызэфIащIэ, гуимэжьхэр зэщIэщIагъэххэти, Къуэгъулlыкъуэхэ сынидашыж» щIыжиIэр аращ уэрэдым.

А зэманым Тыгъуэн Беслъэн къ уажэшхуэу, унагъуэ 80-м япщу, иджы Краснодар куейм Ханскэ вокзалыр здэщытым деж щысащ, куэду хуэкъулейуэ.

Хъымсадыр Тыгъуэнх э зэрашэрэ куэд дэмыкIауэ, махуэ гуэрым Беслъэн къуажэбгъум деж щыт Iуащхьэм уэршэракIуэ дэкIащ. Ар щалъагъум, я пщым дэуэршэрыну и къуажэгъухэр зырыз-тIурытIурэ кIэлъыдэкIри, хъурейуэ къатIысыхьащ. И къуажэгъухэр я пщым догушыIэ, мэхъэуэжьыуэ. Ауэрэ куум зэрыхэгъэхьащ. Беслъэн и ныбжьэгъу, и IупэфIэгъу зы къэпсалъэри, жиIащ:

- Уа, Тыгъуэн и къуэ, Нэгъуейм хъыджэбз напэ хуу исхэр зу мыпэсу, Къэбэрдейм нэс укIуэу къэпша фызабэ гуащэр зыхуэдэр тлъэгъуакъыми, - ар зы гукъеуэ, а гуащэм и щыпэлIу щытамрэ уэрэ дэтхэнэр нэхъыфIу илъагъуми тщIэркъыми - ар гукъеуитI. КъыджеIэт Iуэхур зытетыр.

- Япэрауэ, сэ къэсшар, фызабэ щхьэкIэ, къэбэрдей пщышхуэм ипхъущ. ЕтIуанэрауэ, Къэбэрдей псор плъакIуэ зыхуэкIуэу щыта адыгэ цIыхубз дахэщ. Ещанэрауэ, къэсшар зыху эдэр ф лъагъунумэ, иджыри кIасэ хъуакъым. ЕплIанэрауэ, япэм абы лIыуэ иIамрэ сэрэ нэхъыфIу илъагъур сэ вжесIэкIэ фи фIэщ хъунукъым. Фэ хуит фызощI вгъакIуэу езы гуащэм евгъэупщIыну, - жиIащ Беслъэн.

- Уэ нэхъыфIу укъилъагъуу ара жыпIэр? - еупщIащ ныб жьэгъур аргуэру.

- ЖысIэм къыщынэркъым, фи фIэщ мыхъумэ, фыкIуи феупщI!

- ДыкIуэнт икIи деупщIынт, ауэ къыпщышынэнщи, пэжыр къыджиIэнкъым! - жаIэу гушыIэу здэщысхэм, къуажэм зы факъырэ къыдыхьэу ялъэгъуащ.

- Къэдгъуэтащ дгъэкIуэн! - жаIэри, факъырэр кърадж ащ.

- Уэ къэплъэIуху энум ху эдэ мин уэттынщ - мы пщым и гуащэм деж кIуэи, дэ у дгъэкIуауи жу мыIэу, Къэбэрдейм укъикIа хуэдэу тхуеупщI, уи щыпэлIымрэ иджы укъэзышэжамрэ дэтхэнэр нэхъыфIу плъагъурэ, жыIи.

- Хъунщ, ауэ сыт абы щхьэкIэ сэ къысхуэфщIэнур? - яхэупщIыхьащ факъырэр.

Псоми танэ зырыз, Беслъэн танипщI иратыну факъырэр ягъэгугъащ.

Факъырэр гуфIэщ, и хъуржыныр хыфIидзэри, гуащэм и деж жащ.

- Къэбэрдей къикIауэ зы тхьэмыщкIэ гу эр мэлъаIуэ уи деж къыщIыхьэну, - жраIащ Хъымсад.

- КъыщIэвгъэхьэ! - жиIэри, факъырэр щIагъэхьащ.

Гуащэм къыщыхигъэзыхьым, зыгъэкIуари щIагъэкIуари факъырэм иIуэтащ. Хъымсад, псалъэ къыпимыдзу, факъырэр щIригъэшри къабзэу иригъэгъэпскIщ, и лъакъуэм щыщIэдзауэ и щхьэм нэс щыгъын щIэрыпскIэ иригъэхуапэщ, ахъшэ тумэни 10 иритри, жриIащ:

- Абыхэм пэжыр ящIэну апхуэдизу я нэ къыщикIкIэ, яжеIэ пэжыр: Тыгъуэн и къуэ Беслъэн и мылъкум нэхърэ, Талъостэн и къуэм и Iэгу хужьитIым си напэм я зэ къыдэлъэгъуэр нэхъыфIт, - жиIащ гуащэм жыIи яжеIэж.

Беслъэн ар гузэрыдзэ щымыхъуу къэнакъым. Гуащэм хуэгущIыIэ хъуащ. Хъымсад и лIыр хуэмышэчыжыххэ щыхъум, уэрэдыр иусащ. Мис а уэрэдыр:

1. Цыбылэхэ я гуащэ дахэ,
Хэтхэ щхьэкIэ укъысхуэкIуа?
Тэтэрхъанхэ щхьэкIэ укъысх уэкIуамэ, -
Шууищэти, хэкум зэ дисхэ т.
Талъостэнхэ щхьэкIэ укъысхуэкIу амэ, -
Шу закъуэти, епсыхыжащ.
2. Чэщей, гущэу, си пхъэ вакъитIым
ЩхьэкIуаем срегъэпсых,
Пщы щауэ, гущэу, епсыхыжам
Сэ махуае, гущэм, сегъэгузасэ.
3. МыIэрысэ, гущэу, си быдз
цIыкIуитIыр
IэдакъэкIэрэ ныхызокъуэ,
Сэ пщы щауэ, гущэм, зескъу зылIэнут,
Данэху-данапIэми измыгъуэтэж.
4. Дыщэ, гущэурэ, си зэпэщIыIур
Iэ сэмэгукIэрэ зэрызогъэлъэлъ,
Си нэпситIыр къезгъэлъэлъэхыурэ
ЖагъуэлI, гущэм, сэ сыныхуашэ.
5. Сэ сыгуащэт, сыгуащэ мыгъуэ т,
Гуащэ псоми сафIэтхьэмыщкIэт.
Айрэщ, жыфIэркъэ,
Хъымсадыр магъыр, мэусэ!
6. Суншыжь, гущэм, и тобылыгъур
Пщы дадэ, гущэм, и зэпэбашт,
Арыкъыжь, гущэм, и бланэ пшэрыр
Пщы дадэ, гущэм, и хьэщIэнышт.
7. Емынэ, гущэм, и бэракъ фIыцIэр
Мэртазэхэ къыщызэфIащIэ,
Гуимэжьхэр зэщIэщIагъэххэти,
Талъостэнх э сынидашыж.
8. Уэре дадэр къу эдзым къыхидзэурэ
ПхъэшмэзыжьымкIэ сынышIашыж.
Сэ гъищэр си уэредадэти,
КъуэгъулIыкъуэхэ срашэлIэж.
9. Таж, гущэу, си пыIэ лъапIэр
Мэртазэхэ къыщыпызолъэ,
Хьэгъэбанэм сыныпэплъэнути,
Пщы уэлийм сэ къысхуимыдэ.
10. Пщы Уэлийм срипхъу(ы) лъапIэмэ,
ХьэтIохъущокъуэхэ щхьэ саримытрэ?
Къэбэрдей, гущэм, пщыжь имысыжмэ,
Бекъалдыжьмэ хъыбар схуевгъащIэ!
11. Жыр, гущэу, си лэныстэшху эр
Хьэщхъуэжь хабзэу зэрызогъэшх,
Пщы щауэм зишхьыхыжыххэурэ,
ЖагъуэлI, гущэм, сэ сыныхуашэ.
Сэ сыгуащэт , сыгуащэ мыгъуэ т,
Гуащэ псоми сафIэтхьэмыщкIэт!
12. Талъостэнхэ сыщранысэмэ,
Жыхафэр си шэджагъ уакIуэт,
Нэгъуеижьмэ сыщратыжмэ,
Мыжькъ алащэри къысщIэмыхьэж.
13. Си анэ, гущэуэ, Щэхугъуей гуащэм
Данэху-данапIэм сыкъыхимыхт,
Нэгъу ей жэм, гущэ у, сэ къысщIэпхари,
Чэрэчэкlэ яугуэшыж!
14. АдрыщIымкIэ сызэпрыплъым,
Елмырзэ хэ фи унэ лъапIэт,
Нэгъуеижьмэ фи уэтоужьыр
ИгъащIэми кIэгъуасэмыщIт.
15. Талъостэнхэ сыщранысэмэ,
Чыщмыщыр сэ си шхын лъапIэт,
Нэгъуеижьым сыщратыжмэ,
Къащыкъжьейри къызобзеихь!
16. Щыпэ, гущэу, си щыпэ нэхумэ
ЗэпрыкI, г ущэрги, шыбэр кърихурт,
Нэгъуеижьурэ сызратыжым
Шы цIахуцIэкIэ танэжь къехужыр.
17. Абджыщхъуэ, гущэуэ, си
щхьэгъубжэшхуэр
Iэгупэкlэ зэIузогъэж,
Си нэпситI, гущэр, къезгъэжэбзэхыурэ,
ПIэ лъапэ гущэр нып ызокIухьыр!
Сэ сыгуащэ т, сыгуащэ мыгъу эт,
Гуащэ псоми сафIэтхьэмыщкIэт!
Айрэщ, жыфIэркъэ,
Хъымсадыр магъыр, мэусэ!

Зэрынэрылъагъущи, Хъымсад и уэрэдым щыщу нэхъыбэр и щыпэлI Аслъэнбэчрэ Талъос тэнхэрэ ятеухуащ (Ас лъэнбэчыр фIыуэ илъагъуу зэрыщытамрэ Талъостэнхэ щисам тыншыгъу эрэ лъапIэныгъэу иIамрэ). Абы шэч дегъэщI, уэрэдым и япэ Iыхьэр и лIыр къыщаукIам щыгъуэ иусауэ щытауэ, етIуанэ Iыхьэр щиусар - Беслъэн иратыжа нэужьу.

Къэрэгъул МытI къиIуэтэжа хъыбарым нэмыщI, нэгъуэщI зы хъыбари щыIэщ Хъымсадрэ Беслъэнрэ ятеухуауэ.

Хъымсад и уэрэдыр Къэбэрдейм къызэрыс у, уэрэдым зи гугъу ищI Бекъалдыжьыр, шу гуп зыщIигъури, Нэгъуейм кIу ащ. Ауэ шу гупыр нэмысу, мыпхуэдэ Iуэху къэхъуащ.

Жылэр и ужьым иту хьэ делэ къахурт. Беслъэныр, лулэкIэ тутын ефэу, и бжэIупэм Iус т. Хьэ делэр Беслъэн и пщIантIэм къыдэлъэдащ. Хъымсадри щхьэгъубжэмкIэ къыдоплъри елъагъу. «Къодзэкъэнущ, щIыхьэж!» жаIэурэ хьэм и ужьым итхэр зэрогъэкIий. «Ялыхь, а хьэ делэм егъэшх!», жиIэурэ Хъымсадри щхьэгъубжэм къыдоплъ. Беслъэн зигъэхъеякъым, лулэр къызыжьэдихакъым: и фокIэщIыр кърихщ, зи жьэр ущIауэ къыбгъэдэлъэда хьэ делэм жьэдэуэри иукIащ. Хьэ укIари Iуамыхыжауэ, цIыхухэри зэбгрымыкIыжауэ, Бекъалдыжьым и шу гупыр дыхьащ. Бес лъэн къэбэрдей шухэр щилъагъум, къэтэджри къапежьащ:

- У о, феблагъэ, си щыкъухэ! - жиIэри.

- Деблагъэм къыщыдмынэу, уи пщэр пыдупщIу Хъымсад тхьыжыну дыкъэкIуащ! - жиIащ Бекъэлдыжьым.

- Делагъэ жывмыIэ! - жиIэри, шу г упыр иригъэблагъэри къигъэхьэщIащ.

- У тшэжыну дыкъэкIуащ, Хъымсад! - щыжраIэм, къахуэкIуэжакъым.

Ахэр псори хъыбарщ. Пэжращи, Хъымсад уэрэдыр иуса нэужь, Беслъэн къэгубжьри, Хъымсадым тIуанэ трищIауэ щытащ. Хъымсад нэгъуейхэм хьэIупс ящIарэ (Кушыку псэуж тэкъым) мо къэбэрдей гуащэ дахэм хуэмыфащэ нэмысыншагъэ къыкIэлъызэрахьэу хамэ хэкум щылIэжащ 1858 гъэм.

Кушыку ипхъу етIуанэ Чэбэхъан ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэм (иджы Къызбрун ЕтIуанэм) щыщ Наурыз Хьэтэжыкъуэ ишауэ щытащ. Чэбэхъан Мыхьэмэт и цIэу щIалэ цIыкIу иIэти, ар балигъыпIэ имыувауэ, илl Хьэтэжыкъуэр Дохъушыкъуэ Бэчмырзэ къикIауэ щытащ. Ар къыщыхъуар 1847 гъэрщ.

Чэбэхъан фызабэу къышынэм (и адэ Кушыку 1829 гъэм лIат, и дэлъху нэхъыжьыр Псыжь адрыщI щыIэу здат. Абазэхэхэм я шыбзыр къэрахуэжыну, къыкIэлъыпхъэрахэм псым къыхахуэри. И адэу етIуанэу Жамбулэт «инэрал плъыжькIэ» адыгэхэр зэджэу щыта Вельяминов иригъэукIат 1825 гъэм), и бынитIыр къызэрихьэжащ Чэбэхъан.

Куэд дэмыкIыу ХьэтIохъущокъуэхэ ящыщ полковник гуэр къыхуэхьэжауэ щытащ Чэбэхъан, ауэ ар куэдрэ къэмыгъэщIауэ лIащ. Чэбэхъан и адэм и мылъкур зэхуихьэсыжын фIэмыхъуу, мылъкур Наурызхэ кърищыжауэ хуэмыхъуу фIызэрапхъуауэ щытащ. 1886 гъэм ятха тхылъым зэритымкIэ, абы мылъкуу къыхуэнэжауэ щытар мырат: унэ зыщIэсыр, зыв, шиплI. Ауэ пащтыхьым щIыуэ дестынэ 400 кърит ауэ щытащ.

Чэбэхъан Наурызхэ щашэм щыгъуэ, и адэм пщылIу иритри ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэм здишауэ щытахэм ящыщ зыкъом, езыр къыщыкIуэжым, къыхуэкIуэжын ямыдэу къэнауэ, иджыри абы дэсщ - Бекъалдыхэ, Балъкъызхэ, нэгъуэщIхэри.

Чэбэхъан Жанхъуэтхьэблэм къыщигъэзэжам, «Гуащэжьыр» жаIэу пщIэ ху ащIу, вакIуэ щыдэкIхэкIэ, къыщыдыхьэжхэкIэ, бэракъыр хэтхэ я деж яшэнуми унафэ зыщIу щытар Чэбэхъанти, тхьэмыщкIэ хъуауэ, гъунэгъухэм япщэфIам щыщ ху ахьурэ ягъашхэ у, жьы хъуху псэуауэ дунейм ехыжащ, я лъэпкъыр псори зыщIэлъ Жанхъуэтхэ я кхъэ Iуащхьэм щIалъхьэжащ.

Чэбэхъан и унащхьэм телъа кхъуэщын цIыкIу лахэр цIу у э, дыгъэм пэлыду, Щэбэтыкъу э Мудин и унащхьэм те лъу, «Моращ гуащэжьым и унащхьэм телъа кхъуэщынхэр» жари 1935 гъэм сагъэлъагъужыгъащ.

Чэбэхъан и къуэ Мыхьэмэт, балигъыпIэ имыувауэ къигъэнар, куэду лIы екIу хъуауэ щытащ. Жанхъуэтхьэблэ хъыбархэм щымыщми, Наурыз Мыхьэмэт щхьэкIэ жаIэу щыта мы хъыбар цIыкIур къыжытIэпхъэу къызолъытэ. Мыр Iуэры Iуатэм хэлъ хъыбарщ. Наурыз и къуэр (зи гугъу тщIыр Чэбэхъан и къуэ Мыхьэмэтщ) к уэду лIы бжьыфIэу щытащ. Наурыз Мыхьэмэт илъэс къэс Нартсанэ кIуэуэрэ зыщигъэпсэхурт. Абы зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэ урыс цIыхубзхэр мо Мыхьэмэт лIы бжьыфIэм къытелIэрт. Апхуэдэу зэгуэрым Мыхьэмэт Нартсанэ зигъэпсэх уу щыIэу, и фыз щIалэ дахэр и гъусэу зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуат инэралыжь гуэр. Инэралыжьым адыгэ фащэкIэ хуэпа мо лIы зэкIужыр щилъагъум, и фыз щIалэм жриIащ:

- Хуит узощI мо шэрджэсым зыпыпщIэу бын зэбгъэгъуэтыну. Абы и щылъху диIамэ, сысей фIэкIа ямыщIэу тпIынт!

Фыз щIалэ дахэр зыхуеиххэр арати, Мыхьэмэтым зыкъыхуищIурэ зыкъыпищIащ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, зы махуэ гуэрым Наурыз и къуэмрэ инэралым и фыз щIалэмрэ зэгупэу хэлъу, инэралыр имыщIэу щIыхьэжащ. Мыхьэмэт укIытауэ къыщытэджыжым: «Продолжай, завод хороший!» - жиIэри, инэралыр къыщIэкIыжащ. Мы хъыбар цIыкIур ятхыжауэ IуэрыIуатэм хэлъщ.

«Наурыз Мыхьэмэт Хьэтэжыкъуэ и къуэр августым и 11-м 1888 гъэм лIащ» жиIэу Къызбрун ЕтIуанэм я кхъэм дэт сыным тетщ. Аращи, Чэбэхъан и къуэ Наурыз Мыхьэмэти куэдрэ псэуакъым, и анэм кIэлъыкIуэжащ, Чэбэхъан щылIа гъэ дыдэр дымыщIэми, ар 1886 гъэм зэрыпсэуар абы щыгъуэ ятха тхылъым ихуащ.

Иджы Кушыку и етIуанэ фызым, Хъаний, къилъхуауэ щыта и къуитIым я кIуэдыкIар къэтIуэтэнщ. Нэхъыжьым и цIэр тIэщIэху ащ, нэхъыщIэр Жамбулэт т. ЩIалитIыр и гъусэу Хъаний Абазэхым щыIауэ, щIалэхэр абы щагъасауэ щытащ. ЩIалитIыр къыдэкIуэтея нэужь, хабзэм тету, я фащэр зэщIэцIуурэ шы ахъырзэманхэм тесу абазэхэхэм я къанитIыр къыхуашэжри Кушыку кърат ыжащ. Нэхъыжьыр Псыжь адрыщI щыкIуэдащ.

НэхъыщIэ Жамбу лэт щIалэ дах эт, зэкIужт. Бытырбыху игъакIуэри щригъэджауэ, урысыбзэр Iэзэу ищIэрт. Персыбзэми фIыуэ хуэIэкIуэлъакIуэт. Куэду цIыху гъэсат, бжьыфIэт, Ермо ловыр Персым щыкIуэм здишауэ щытащ. Персым щыщыIам, урысхэм я бийуэ перс лIыщхьэхэм епсэлъауэ жаIэрт.

И адэ Кушыку урысхэм ядригъэкIуэкI зэгурыIуэныгъэ по литикэр имыдэу, и анэш Мысостхэ ящыщ зы гъусэ ищIщ, шу гуп зыщIигъури, Солдатскэ станицэм ятеуауэ щытащ.

Генерал цы плъыжь Ве лъяминовым Кушыку къыхуиIуэ хуащ: «Уи къуэ р къаши къакIуэ!» - жиIэри.

Кушыку къызэрикIухь хабзэу, и къуажэм щыщу шу 50 и гъусэу и къуэ Жамбулэтымрэ Мысостхэ я къуэмрэ Налшык къалэ быдапIэм кIуащ.

БыдапIэм хъумакIуэ шухэр дагъэхакъым. Жамбулэтрэ Мысостымрэ зы унэм щIагъэхьэри, Кушыку езы инэралым зыщIэсым щIашащ. (Абы щыгъуэ Кушыку Къэбэрдей псом я пщыуэ уэлийт).

- Уи щIалэр дыгъуасэ зэранауэ жаIэ. Шу гуп иншэри Солдатскэ станицэр зэтрикIащ. Хабзэкlэ суд тетщIыхьынущи, кIуэри и IэщIэр къыдэшэж, - жиIащ инэралым. Кушыку абы зыри хищIыкIыртэкъым. Зыри жимыIэу, инэралым деж къыщIэкIри, и къуэмрэ Мысостхэ я къуэмрэ зыщIэс унэм кIуащ.

- Си щIалэ, дыгъуасэ уэзэранауэ жаIэ. Уэ IэщIэр инэралым етыну арауэ и фэр, - жиIащ Кушыку.

- Си адэ, сэ IэщIэр скIэрылъу сылIэжыну Алыхьым иухащ! - жиIащ Жамбулэт.

Кушыку инэралым деж къэкIуэжри:

- Идэркъым къызитын, - жиIащ.

Инэралым зы сэлэт взвод щэхуу къуигъэуvауэ къуэгъэнапIэм къуэтти, Iэ яхуищIащ, унэм ебгъэрыкIуэу яубыдыну. Сэлэтхэр къызэрыкIуэр Жамбулэт щилъагъум, щхьэгъубжэмкIэ къыдэуIкIри, япэ итыр къиукIащ. И фочыр хьифIидзэщ, фокIэщIыр къыдипхъуэтри, етIуанэри къиукIащ. И джатэр кърипхъуэтри, унэм зэрыщIэгуа сэлэтхэм къезауэурэ, зыкъом къиуIащ. ЩхьэгъубжэмкIэ къыщыдэлъым, сэлэтхэр зэдеуэри яукIащ. Мысостым зимыгъэхъейуэ щытащ.

Фочауэ макъыр щызэхахым, Кушыку и щхьэхумэ шухэм, фочхэр ягъауэу, куэбжэм езауэу щIадзащ. «Кушыку лIыжь хъуащ, пщыкIэ дызыщыгугъ Жамбулэт яукI!» - жари. АрщхьэкIэ куэбжэм пэлъэщахэкъым.

А псори зылъэгъуа, Персым кIуэуэ гъуэгу здытетым, Налшык къыщыувыIэу ар зи нэгу щIэкIа Грибоедовым зэритхыжар апхуэдэущ.

Кушыку и закъуэ быдапIэм къыдэкIыжа нэужь, Жамбулэт зэраукIар къащIэри, и хъумакIуэ шухэр дэлъадэу зэ траукIэну зэрызехьэ хъуащ.

- Щывгъэт! - жиIэщ, шэсыжри, и шу гупыр и гъусэу Кушыку къуажэм кIуэжащ. Гу къигъакIуэщ, и къуэм и хьэ дэр иригъэшэжри, я кхъэ Iуащхьэм щыщIилъхьэжащ. Кушыку фIыуэ къыгурыIуэрт, бгым джэдыкIэкIэ уеуэкIэ, зыри зэрумыщIэфынур.

Жанхъуэтыкъуэ Кушыку псэуащ Урысейм Къэбэрдейр къиззуа нэужь, Iуэху псори IэмыщIэ ирилъхьэ у, пщыхэр лъэныкъуэкIэ тригъэкIуэтыну Урысейр щыхэта зэманым. ИщхьэмкIэ зэрыщыжытIащи, «пщыхэмрэ уэркъхэмрэ дыкъихъумэнщ» жаIэри, 1808 гъэм хахауэ Кушыку пщы уэлийуэ лажьэр т. Ауэ пащтыхьым Кавказ псом я унафэщIу, тету къигъэкIуауэ щыта А. П. Ермоловыр инэралхэм я нэхъ бзаджэ дыдэт. «Урысейм и бийуэ къэув пщыхэм пщылIхэр фемыдэIуэну х уит фызощI» жиIэу зэбгригъэха тхылъым пщыхэми пщылIхэми я дежкIэ мыхьэнэшху э иIэт. Кушык у «пщыжьхэр дыкъихъумэнщ» жаIэри хахати, ар имыгъэзащIэу хъуртэкъым, мыдэкIэ Ермоловым, пщыжьхэм я лъабжьэр къитIын щхьэкIэ, пщыжьхэмрэ пщылIхэмрэ зэпэщIигъэувэрт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, пщыжь-уэркъыжьхэрат пщылIхэр, къэрэхьэлъкъыр къызэщIэзыIэтэу щIыуэ пащтыхьыдзэм иубыдахэр къытрахыжын папщIэ зыгъэзауэр. Пщыжь-уэркъыжьхэр зы лъэныкъ уэу, къэрэхьэлъкъыр, пщылIхэр етIуанэ лъэныкъуэ у, урыс инэралхэр ещанэ лъэныкъуэу щызэпэщIэта зэманщ Кушыку и уэлиигъуэр зрихьэлIауэ щытар, лъэныкъуищри зэгуригъэIуэн хуейуэ.

Кушыку щхьэкIэ зэм лIыжь губзыгъэу, лIыфIу жеIэри щотхъу Ермоловыр. Зэми лIыжь делэу, хьэбыршыбыру жиIэурэ еуб.

Уэкъулэ

Пасэм щыгъуэ «Уэкъ улэкIэ» еджэу хабзэ щыIащ. Ар зищIысыр мырат: тхьэмыщкIэр, мылъку зимыIэр зиIэм, нэхъ х уэкъулейм и деж лъэIуакIуэ кIуэр т, фадэ-пIастэ ишэрти. ЗдэкIуа къулейм и ныбжьэгъухэмрэ и цIыхугъэхэмрэ къызэхуишэсырт, уэкъулэ къэкIу ари яхэсу иригъафэрт, иригъашхэрти, яжриIэрт хуэмыщIа тхьэмыщкIэ къызэрекIуэлIар, абы дэIэпыкъун зэрыхуейр. Пщэдджыжьым хэт Iэщ, хэти гъавэ, хэти ахъшэ - щхьэж зэрыхуэкъулейкIэ - къыхузэхуахьэсырти, уэкъулэ кIуар адрей псоми ху эдэу псэуу э ежьэ жырт. Уэкъулэ кIу ам езым имыIэрэ фадэ-пIастэ къимышамэ, ари емыкIутэкъым, - зэкIуэлIа бысымым ар къызэригъэпэщырт. Ар хабзэу игъащIэ лъандэрэ екIуэкIырт.

Арати, Кушыку и уэлиигъуэ зэманым Джылахъстэней къикIри, зэанэзэкъуэ уэкъулэу къыхуэкIуащ.

Кушыку дэмысу, хьэщIэхэр къеблагъэри, хьэщIэщым зы жэщ-зы махуэкIэ щIэсауэ, пщыр къыдыхьэжащ.

Кушыку и хабзэт къызэрыдыхьэжу хьэщIэ иIэрэ имыIэрэ щIэупщIэу. ХьэщIэр зыхуэдэр, ар зищIысыр къимыщIауэ, щIыхьэжу зигъэпсэхуртэкъым.

- Абы я дэуафэр зэфIэгъэкIын хуейт. Къубгъанрэ тасрэ къыхуагъэуву зитхьэщIа нэужь, хьэщIэщым кIуащ. ХьэщIэщым щIыхьэу хьэщIэхэм яхэупщIащ:

- Сыныводауэ. Сыт хуэдэ Iуэху фыкъыщIэсхуэкIуар?

Кушыку тIысащ, зэанэзэкъуэхэр тIысын ядакъым.

- Къытхуэгъэгъу, зиусхьэн, уэкъулэ дыкъыпхуэкIуауэ араш. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу. Сэ цIыхухъу и зэрыс щIэщыIэж...

- Сыт хуэдэ? - щIэупщIащ.

- Вэсэмыуэ лъандэрэ.

Абы я дэуафэр зэфIэгъэкIын хуейт. Къубгъанрэ тасрэ къыхуагъэуву зитхьэщIа нэужь, хьэщIэщым кIуащ. ХьэщIэщым щIыхьэу хьэщIэхэм яхэупщIащ:

- Сыныводауэ. Сыт хуэдэ Iуэху фыкъыщIэсхуэкIуар?

Кушыку тIысащ, зэанэзэкъуэхэр тIысын ядакъым.

- Къытхуэгъэгъу, зиусхьэн, уэкъулэ дыкъыпхуэкIуауэ араш. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, - жиIащ.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Зырамыку Адыгейм щыэзхуихьэсыжа лъэпкъ уэрэдыкъэм ирегъэдаIуэ СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, тхакIуэ КIэрашэ Тембот.
Мейкъуапэ къалэ, 1960 гъэ.

Макъмэ и пащтыхь Къардэн Хьэсэн

Мазаем и 26-м Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щыIэх дахэ щыIэхэтащ, Урысей Федерацэм и Цыхубз артист, композитор цIрыIэ Къардэн Хьэсэн и ныбжьыр ильэс 85-рэ зэрырикъум папщIэ къызэрагъэпэщащ. Ар иригъэжьыкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цыхубз артист, УФ-м гъэзэджэмкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIуэ ХьэIупэ Джэбрэил.

КЪЫПХУЭМЫЛЪЫТЭНЫМ, къыпхуэмыбжьыным хуэдизщ Хьэсэн и Iэдакъэщ1кI макъамэ зетыльджэхэм я бжыгъэр. Аэр псори зы концертым къыпхуэщIегъуэбыдэнкIэ Iэмал зэримыIэр гурыIуэгъуэ. Мы макъамэхэм я ныбжьыс и къызэгъэпэщакIуэхэми апхуэдэ къалэнтэкъым зыщащIыжар, атIэ езы Хьэсэн и макъамэхэри и ныбжьэгъу композиторхэм я Iадакъэщ1кIэрэ екIуу зэхэухуэнахуэ къызэхуэсахэм я пащхьэм ирагъэхьыр.

Къардэн Хьэсэн и «Махуэшхуэ увертюрэмрэ» «Насыпым и ауз» симфоние тепльэгъуэмрэ КЪР-м и къэрал филармониемрэ и симфоние оркестым игъэзащIа Iуэхуэ, яп1э псалъэр иратащ КЪР-м и Президентым и Администрацэм и унафэщI **Къэжэр Альберт**. Ди республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен къыбгъэдэкI псалъэхэм кьеджэу езым и щхьэкIи юбилярым ар гуапэу екъуэхъуа иужь, щэнхабзэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм, жылагъуэ лэжьакIуэ,жыджэру зэрыщытым папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIыхь тхылъыр Хьэсэн тыгъэ хуищIащ.

КъыкIэлъыкIуэу утыкур хуит хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщIым и къуэдзэхэу **Федченко Людмилэрэ Берд Хъэрэталийрэ.**

- КЪР-м и профессионалыгъэ музыкэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ зыщ, зи хэкур фIыуэ зыльагъу щIыху тельыджэщ дэ нобэ дгъэлъапIэр, - жиIащ Федченкэ Людмилэ. - Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу щIыхуэхэр зыщыгъуазэ икIи фIыуэ яльагъу уэрэдэхэр, макъамэхэр ди республикэ щхьэхэзэм щыщ Iыхьэшхуэщ. Хэку зауэшхуэм и кIыхьагъкIэ пхыкIа Хьэсэн абы гу быдэ ищIакъым, псэ хьэлэлагъыфIигъэкIуэдакъым, атIэ и лъэпкъым фIыкIэ хуэлэжьэн зэрыхуейр къыгуригъэIуа, абы тригъэгушхуа мыхъумэ. Ики щIыху фIыуэ зыльагъу, ищIэ псомкIи хэтн дэгуэшэну хьэзыр композиторым и гу хуабагъэр къызыхэщ и Iэдакъэщ1кIэхэр щIыхуэм я псэм дэмыхьэнкIэ, аэр музыкант щIэрыIуэхэм ямыгъэзэщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Сэри КЪР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэкIыу сынохьэхьэу, Хьэсэн, узыншагъэ быдэ уиIэну, уи Iыхьлыхэми гьынэгъуэхэми нахьыл я куэдыщу, ди макъамэ щIэнхабзэм зегъэужьыным иджыри ильэс куэдкIэ хуэузлажьэну.

Абы и псалъэхэр диIыгъащ Берд Хъэрэталий. Апхуэдэу гуапэу Хьэсэн и творчествэм тепсэлъыхьащ республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм и Iэтащхьэ **Тау Пщыкъанрэ** Цыхуэм и хуитыныгъэхэм къыщхьэщыжьынымкIэ КЪР-м и Президентым деж щыIэ комиссэм и унафэщI **Зумакулов Борисрэ.**

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа **ХьэIупэ Джэбрэил** и гуапэу къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Хьэсэн и ныбжьыр ильэс 85-рэ зэрырикъум щхьэкIэ КЪР-м и Композиторхэм я союзым телеграммэ куэд кьыдэIэрыхьэм. Абыхэм ящыщу ар кьеджащ УФ-м и Композиторхэм я союзым и унафэщI Казенин Владислав кьыбгъэдэкIам.



Пщыхьым Къардэн Хьэсэн куэд щехьэхъуащ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● ДифI догъэтъапIэ

Къужэр Альберт и псалъэ.

Иужьрей псалъэр иратащ Къардэн льэныкъым я нэхьыкьыфI **Мушэриф.**

- Ныбжьэгъу льапIэхэ, нобэ мыбдежьым щекIуэкI Iуэхум, пщыхьэщхьэм щыжаIэ псалъэ гуапэхэм уамыгъэпIейтеинкIэ Iэмал иIэкъым, - къыщIидзащ абы. - Сыту жьпIэмэ абыхэм зыри хэлъкьым ди льэпкъыр зэрыгушхуэ Хьэсэн кьимылэжьауэ, абы дежкIэ егъэлеяуэ. Дэ иджыри диIэщ ди республикэр, уеблэмэ Урысей псор зыIут цIыхухэр, ауэ дэ псэкIэ нэхъ ди гъэнэгъу дыдэр, цIыху телыджэу, ныбжьэгъу нэху, куэдрэ гъуэгуанэ диIэр Хьэсэншэ, сыхуейщ ар къыщаль- хуа Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри ильэс куэдкIэ хуэпсэуну, хуэлэжьэну.

Апхуэдэуи Мушэриф фIыщIэшхуэ яхуищIащ КЪР-м и Президентымрэ Парламентымрэ, министерствэхэм, пщыхьым кьрихьэлIа псоми. Адыгэ льэныкъым и пщIэр кьэзыIэт цIыхухэр гъэлъапIэн зэрыхуейр кьазэрыгурыIуэр и гуапэ зэрыхьэри кьыхигъэщащ.

УФ-м и цIыхубз артист Темыркъан Борис зи дирижер нэхъыщхьэ икIи хуэдожественнэ унафэщI Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармониемрэ и симфоние оркестрым игъэзащIэ макъамэ льэшхэр, УФ-м и цIыхубз артисткэ Гъэсашэ Натальерэ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Дау Марьянэрэ жаIа уэрэд, опер1э арие щIрыIуэхэр щыIуащ концертым. Пасъэм папщIэ, пщыхьым кьрихьэлIаэхэр дихьэхауэ едэIуащ Гъэсашэм игъэзащIа «Тхъэрыкъуэ хужь» уэрэдым, Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Мадинэ» оперэм щыщ Iыхьэу Мадинэ и арием. Дау Марьянэ игъэзащIэу Жырыкъэ Заур и «Сэрмакъ къуажэ» уэрэдым, Балэ Мухьэдин и «ФIэхъус, Адыгэ хэку!» маршым, ХьэIупэ Джэбрэил и «Псыхэгъэ» симфониеи и нужьрей Iыхьэм, нэгъуэщIхэми.

Концертыр ихуа иужь, Хьэсэн цIыху гупшIуэу бгъэдыхьащ удз гъэгъа дахэхэр, саугъэтхэр яIыгъыу. Абыхэм яхэплъагъурт КЪР-м и Президентым и чэнджэщзэгъу **Уянаевэ Iэмилиат**, щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ ІэнатIэхэмкIэ министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэмилиэ**, Адыгэ драмэ театрым и художественнэ унафэщI **Шыбзыхьуэ Басир** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ИСТЕПАН Залинэ.

● Тэгъулан Екъуб Къайсэр къретыкI

Тхьэмадэ Iумахуэм хэкухэр зэпещIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныбжьэгъу Налшыкрэ Тырку кьэлэ Хьэйсэррэ ильэс зыбгъупщI ипэ яку кьыдэхьуа зэкъуэшыгъэм ипкъ иткIэ кьалитIым я унафэщIэр зэкIэлыкIуэ зэпытщ. Налшык кьыкIа хьэщIэ хэм мызыгъу зэгукIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхьэмадэ Къаночокъуэ Арсен зэращIыгъум абы льэныкъуитIым я зэхуэку дэпщIэныгъэм пщIэщIхуэ зэрыхуищIыр нэIуэ кьищIащ.

ДУНЕЙМ и кьыдэIыхьэгъуэм хуэзэри, зы махуэкIэ гувауэ кхъухьлъатэм кьикIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщымрэ абы и гъусэхэмрэ. Гъуэгуанэр уэсым зэщIидзауэ, щыщ Iыхьэм я щIыкIэрыгъэлъэкIыу щытми, Къайсэр кхъухьлъатэ тедзапIэм хьэщIэхэр кьрагъэблэгъэну цIыху куэдщIыхьэхуэсат. Къайсэр кьалэм и Iэтащхьэхэм нэмыщI, кьекIуэлIаэхэм Iыркъум щыщ Адыгэ Хасэм я Iэтащхьэхэм, хэхэс адыгэхэм ящыщ куэд яхэтт.

**Президентыр зи пашэ гупым а пщыхьэщхьэм хьэщIэщым зыщагъэпсэхуащ, етIуанэ махуэм кьалэм зыщаплъыхьащ. Апхуэдэу хэкуэлIаэхэм кьалэр кьалэ унафэщIэхэм, Къайсэр и затуущIэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ, промышленность зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэм зэхуагъаззэри, экономикэ и льэныкъуэкIэ зэпсэльыхьэщ. А зэпсэльыгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэмадэм кьыщыхигъащащ льэныкъуитIым экономикэ зэпыщIэныгъэр яку дэлъын зэрыхуейр, а Iуэхур ипэкIэ гъэкIуэта хьэныкъкIэ зэкIыпIэхэри кьиIуэтауэ, зэрыкъуэтыщIэхэр я щIыналъэм инвестицэ хэльхьэныгъэхэр зэращIынум тригъэгушхуащ. Абы Iуэху щызыщIэну хуейхэм шынагъуэ гуэри хэмылъу утыку зэрагъэуэтыну, езы- ри сыткIи дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэхьэныкъыхигъэщащ. Абы кьищынэмыщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI зыужьыныгъэхэм щигъэгъэуэщащ, ар адэкIи ефIэкIуэныкIэ зэманэ гъунэгъуэ зэфIагъэкIыну зыхуэгъэужьыжа лэжьыгъэхэм я гугъу ищIащ.

ПщыхьащхьэхуэгъэзэкIыу КЪР-м и Президентыр Къайсэр щыIэ Адыгэ Хасэм екIуэлIащ. ХьэщIэхэм пэплъэу, я нэ кьахуикIыу, я кьэкIуэнум хуэзэпабгъэу цIыхухэр зэхэт т Хэкужьым и Тхьэмадэр хасэм кьаэзэрыхуебгъэгъар гуфIэгъу эшхуэу ялытэрт. Президентым абы кьекIуэлIаэхэм псалъэ дахэкIэ захуигъэзащ, хэхэс адыгэхэм я псэукIэр зыхуэдэр, яIэ гунькьуэгъуэхэр зригъэщIащ. Абдежьым Къаночокъуэм кьыхигъэщащ экономикэ льэщ уимыIэмэ, бзэм, хабзэм, щэнхабзэм зэрызимыужьыфыныр, дэтхэнэ зы льэпкъми и зыуэсщIыныгъэр абы зэрепхам нэхъ зыубгъуэуэ тепсельыхьащ.

Адыгэ Хасэм зэрыщыжьаIамкIэ, хэхэсхэм кьайхьулIэмэ нэхъ кьащтэу хэужь хуэгъэзауэ я гугу иIахьэ кьэзгъэльэгъуэнут:

1. Я адэжь щIыналъэм тынчу кIуэжьыныр, зыгъэзэжьынну хуейкъэм я Iуэхуэхэр тэрэзу зэфIэкIыныр зэтеублэн;

2. Абы щылэжьэну, Iуэху щызыщIэну адыгэ хьэрычэтыщIэхэм убзыхуауэ гъэнэхьэгъэльагъэр, гулытэ лей хуэщIын;

3. Ильэс зытIущ мэхъури адыгэ щIалэгъуалэр гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу эхэум макIуэ. Абыхэм кьызыхэIа льэпкъэрым и щэнхабзэр ящIэныжьмкIэ нэхъ куууэ кьыдэлэжьэн;

4. Тыркуми ущеплъыфыну спутник телеканал зэфIэгъэуэвэн.

Кьаночокъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент кьулыкъум зэрытехьэрэ хэкум социально-экономикэ и льэныкъуэкIэ зыужьыныгъэшхуэ зэригъэуэтар зэхэтат , кьэкIуэжьхэми абы теухуа хьыбарэр кьахьат, «Адыгэ псалъэ», нэгъуэщI газетхэмэ дыщеджат. Сэри нэгъабэ гъэмахуэм хэкум сыщыкIуам абы льэныкъуэ куэдкIэ зэрызиужьар си нэгу щIэкIащ. Зи фIыщIэ куэдрэ зэхах Хэкужьым и Iэмэмадэр зыльэгъуэ, абы и мурадхэр кьэзыщIэхэ- хэс адыгэхэм ар икъукIэ ягу иригъащ икIи «нэгъэсауэ адыгэлI зэпIэзэрытщ» хужаIащ. Я адэжь щIыналъэм апхуэдэ унафэщI Iумахуэ зэриIэм щхьэкIэ ягу зэгъаеу хьэщIэхэр кьрагъэжьэжащ.

Тырку Республикэ, Къайсэр кьалэ.

Епланэуи - Тыркум

Мы гъэм Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыкъуэзыгъэ хьэзыр «Спартак-Налшыкым» аргуэру Тыркуем зыщыгъэзэнущ. Испаниеми кьыкIыжри, тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, ди щIалэхэм абы трагъэзащ.

ИДжЫ епIанэу налшыкдэсхэр Тыркум макIуэ. А щIыналъэм зыщагъэсэн, зыщагъэпсэхун папщIэ зыхуеиныр псори щыIэщ, ныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр зыдрагъэкIуэкIыныхэри щыкуэдащ.

«Спартак-Налшыкым» и генеральнэ директор Балэ Владимир кьызэрыджIамкIэ, екъуэн и пэкIэ ди командэм мазищкIэ зэрыхэтынумкIэ Iэтрадзащ гъуащхьауэ Фелипперэ гъуащхьэхъуэмэныкъуэ Сытникрэ. А пIалъэм ящыгъыбыдэу абыхэм фIыуэ зыкъагъэльагъуэмэ, зэгурыIуэныгъэм пащэнущ.

Гъатхэпэм и 10 пщIондэ екIуэлIыну мы иужьрей зыгъэсэгъуэращ адрейхэм я Iуэхур щызэхэкIынур. АджкIэ зыкIэлъыпIныну зэдашхэм яхэтщ, куржы гъуэгум, зыхуигъэхъэзырынущ Баку щекIуэкIыну зэпеуэм. Абы щIалэщIэнущ Азербайджаныр, Узбекистанымрэ я щIалэзэщIэхэм. Дышьыгъынущ Гъубк Марат и джэгукIэфIымкIэ дигъэгуфIэну, ди «Спартакым» хэту топ нэхъыбэ дыдэ (136) дзэгъэкIа и адэм и Iуэхум пищэну.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Футбол

гъуаэр командэм и тренер нэхъыщхьэ Гъубж Вячеслав и къуэ Марат Урысей Федерацэм и ныбжьыщIэ нэхъыфIхэм яхэту джэгуну щраджащ.

КЪЭРАЛЫМ и командэ къыхэхам, 1992 гъэм кьаIытхуэрэ зыхэтым, зы хуигъэхъэзырынущ Баку щекIуэкIыну зэпеуэм. Абы щIалэщIэнущ Азербайджаныр, Узбекистанымрэ я щIалэзэщIэхэм. Дышьыгъынущ Гъубк Марат и джэгукIэфIымкIэ дигъэгуфIэну, ди «Спартакым» хэту топ нэхъыбэ дыдэ (136) дзэгъэкIа и адэм и Iуэхум пищэну.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Гъатхэпэм дунейм и щытыкIэнур

ИУЖЬРЕЙ илъэси 10-м кьриубыдэу иджы ялэу мазаем зыхьыдигъэщIащ ар щIымахуэ маззу зэрыщытыр. ПIалъэпIалъэкIэ экъуэм щIыIэр гражданскэ 15 - 18-м нэскIэ ежащ, мафхуэм хуабэр градусри 3 - 5-м фIэкIалъкъым. Гъатхэ къэблагъэм и нэщэнэхэм зыкъыщыдагъэщIар хуабэр градусри 10 - 12 щыхьэуа иужьрей махуэхэрщ. Арами, мазаем ику ит температурэр мардэм нэхъ рэзэ ду градус-тIыкIэ нэхъ мащIэу щытащ.

Хуабащэ зыкъэщIащ. Сантиметри 10 - 20 и куагъыу мазэ псом дэнэкIи уэс щытелъ. Ар къэкIыгъэхэм сэбэп яхуэхъуащ. Мазаер икIыхункIэ сантиметр 60-кIэ ехьу щIым и температурэр мардэм тетащ. Мазэм и кIэм бжьыкъэсэ къэкIыгъэхэм я льабжьэм хуабэр нэхъ лъэIэсэхъуащ.

Мазаем уэсу кьесармащIэщ, ар зэрыкъур ильэс куэдкIэ игъэунэхуам и процент 40 - 60-щ.

Дунейм и щытыкIэр зыджхэм зэрыжаIэмкIэ, мыгъэрей гъэмахуэри, нэгабэ хуэдэу, хуабэу щытынущ. А лъэхъэнэм псыгъэгъу къэхунур щIыпIэхэм щыщхэу зэдэнукъэхьым. Абы и пэжыпIэм зэрыкIэлъыпIть нэщани щыIэщ; гъатхэпэм уафэр хъуэпскIрэ гъуагъуэ махь щIэмытмэ, гъэмахуэр хуабэ хъунущ.

Гъатхэм и пащIэндзэр, гъэмахуэми хуэдэу, республикэм и щIыналъэм махуэгъэпс пIалъэхэм щытехъуркъым. Метеорологие щIэныгъэм зэрыжиIэмкIэ, щIымахуэ-гъатхэ зэблэкIыгъуэр зыхуэзэнур жащ-мазуэм ику ит хьэуам и температурэр нолым нэсмащ. Абы метеорологие гъатхэкIэ йоджэ.

Гъатхэпэм и 21-м астрономие гъатхэр кьохьэ. А махуэм гъэрэ щIыIэр зэкIэ.

Гъатхэпэм дунейм и щытыкIэм щIэх-щIэхьыуэ зихъуэжь хабзащ. Кьапщтэмэ, 1993 гъэм хуабэр градус 26,7-рэ щыхьэуа щыIащ, 1985 гъэм гъатхэпэм и 10-м щыIэр градус 19-м нэсыт.

Метеорологэм зэрыжаIэмкIэ, дызыхуэхIэу мазэр зэпIэзэрыту щытынкъым. КъэкIыгъэхэри кьыхэсIынущ, борэнтIасэхэри щыIэнущ. Арами, гъатхэр и чэзум кьэкIуэнущ.

ЗэблэкIыгъуэ пъэхьэнэр гъатхэпэм и яп1э махуи 10-м хуэзэнущ. Жащщ щIыIэр градуси 5-м нэблагъэу, мафхуэм хуабэр 7 - 12 хьуэу щытынущ. Гъатхэпэм икуэм щIыIэжь зыкъыщIынущ, жащщ щIыIэр градусри 3 - 8, мафхуэм щIыIэр 2, хуабэр 3 хьунущ. Абы уэс щIыIэ кIыхьыну хуагъэфащэ. ИужькIэ дунейм нэхъ хуабэ зыкъыщIынущ, жащщ щIыIэр зы градус, хуабэр 4, мафхуэм хуабэр 6 - 11 хьуэу, щыдэкIуейкIэ 15 - 18-м нэсу щытынущ. Мазэм псалъэгъу кьаIытынущ гъэкIэрэ зыхьыкIэм нэблагъэ е абы нэхъ рэзэ нэхъыбэ.

ОРЛОВЭ Валентинэ,
агрометеоролог.

● Зэхьэзэхуэ

Къэрал лэжьакIуэхэр мэджэгу

КЪР-м и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ футболыкIэ я зэхьэзэхуэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Турнирым хэтащ командэ 12, гупищу гъэщIэгъуэ.

ЗэIущIэ гуащIэхэм я финал ныкъуэм нэсащ Лъэкыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ, транспортымкIэ, связьымрэ гъэсу хозяйствэмкIэ, ФинансхэмкIэ минист ерствэхэр, УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм КЪР-м щIэ Федеральнэ казначействэм и Iэхуэщ1апIэр.

Турнирым и кIэух зэIущIэм кIуа Лъэкыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэр Федеральнэ казначействэм и упраВленэм щытекIуащ 3:2-уэ. Ещанэ увыпIэр кьыхьащ ТранспортымкIэ, связьымрэ гъэгъу хозяйствэмкIэ министерствэм.

ТекIуахэм КЪР-м Физическэ культурэмрэ спортымкIэ и комитетым кьыбгъэдэкIыу зэхьэзэхуэм и кубокхэмрэ дипломхэмрэ яратащ.

Япэ увыпIэр къэзыхьахэм республикэм футболымкIэ и федерацэм кубок зэIэпахыр хуигъэфащащ.

КЪР-м и минист ерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ футболымкIэ я турнирым и гъащIэхьауэ я ихьыфI дыдэ хьащ топинщI дэзыгъэкIа Мокаев Азнор, Федеральнэ казначействэм и Iэхуэщ1апIэм и лэжьакIуэр.

● Шашкэ

МафIэдз Анатолэ и зэфIэкI

Мазаем и 15 - 21-хэм Налшык щекIуэкIащ международнэ шашкэхэмкIэ Ищdespубликэ щыIэм и первенствэ щыкIуащ.

ЩIХЬЭЖКЪУЭ зэпеуэм очко ихьыбэ дыдэ (7,5-рэ) кьышыхьащ владикавказдэ гроссмейстер Петров Николай. Абы кьыкIэлъокIуэ Ростов областым щыщхэу Александрин Сергейрэ Брюховецкий Евгениирэ. Зыбжанэрэ ди республикэм и чемпион хьуа, спортым и мастерэм я кандидат МафIэдз Анатолэ зэхьэзэхуэм етхуанэ увыпIэр кьыщихьащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпсэу абы и къэзыIэтащ шашкэхэмкIэ спортым и мастерым и мардэхэр.

МЭЗКУУ Къанцобий.

● Дзюдо

Хъурсинэ Артур зыри къытекIуакъым

Мазаем и 22 - 24-хэм Шэджэм кьалэ дэт спорт комплексым дзюдомкIэ Ищdespубликэм и чемпионат щекIуэкIащ. Зэхьэзэхуэм хэтащ Дагыстэн, Къарэшей-Шэджэкъ, Адыгэ, Осетие Ищхьэрэ-Аланиеми республикэхэм, Ростов областым, Ставроль краим, нэгъуэщI щIыпIэхэми кьикIа спортсмен 500-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и щIыхьэр яхьумэу зэхьэзэхуэм щыбзнащ щIалэ цIыкIу 50-рэ хъыджэбз цIыкIуи 10-рэ.

Я хьэлъагъ ельытауэ гупиблу ягъуэша спортсменхэм я зэIущIэкIэ гуащIэт. Абы щхьэусыгъуэшхуэ иIэт - мыбы текIуэныгъэ кьыщызыхьэм Iэмал яIэнут дзюдомкIэ Урысей Федерацэм и чемпионату мэлыжьыкъым Налшык щекIуэкIыну щыбзэнну.

Ди республикэм щыщу зэхьэзэхуэм и жэз медалкэр кьахьащ Махуэ Олег (кг 60), ГъуэкIэпщ Самир (кг 90), Салиев Мурат (кг 100-м щIигъу), етIуанэ хъуэхъщ Мудрэн Беслъэн (кг 60), Бекъуэ Роман (кг 66-рэ), Мэремыкъуэ Азэмэт (кг 73-рэ), Щад Мурат (кг 81-рэ), Хьэпщ Азэмэт (кг 100) сымэ. Кинологрэмиидзу зи щыбзэна гупым Хъурсинэ Артур къыпIэлъэщIын къыхэкIаклъым.

ДзюдомкIэ Ипщэ Федерал щIыналъэм и чемпионатым и судья нэхьыщхьэу щытащ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Емкъуэ Мухьэмэд.

Ди IалъэкIэр зэхьэзэхуэм хуагъэхъэзыращ тренер цIырыIуэхэу Емкъуэ Мухьэмэд, Уэщъхъэ Сулътан, Иванов Дмитрий, Бэгъуэт Мухьэмэд, Ким Руслан, Сэраелъп Олег сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.
Сурэтыр **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*

Щ1ОДЖЭНЦIЫКIУ Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрым гъатхэпэ мазэм егъэлъагъуэ мыпхуэдэ спеткалхэр:

Гъатхэпэм и 6-м
Рей Кини. **«ЦIыхухъыр, цIыхубзыр, хьэдэ мыцIыхуэр».** *(ГушыIэ).*

Гъатхэпэм и 13-м
Мурат Чапай. **«КьулыкъущIэкъуэхэр».** *(Ауан).*

Премьерэ
Гъатхэпэм и 18, 19-хэм
Думэн Мурэдин. **«Уэлий и парашют».** *(ГушыIэ).*

Гъатхэпэм и 25-м
Абу-Бакар Ахьмэтхэн. **«Алмэстыхэр».** *(ГушыIэ).*

Гъатхэпэм и 27-м
Нало Заур. **«IэфIыш и нэ фIыщIитIыр».** *(Лирикэ драмэ).*

Театрым и художественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Шыбзыхьуэ Басирщ.**
ЩIыщIидзэр сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ. Телефонхэр: **42-64-94, 42-33-89.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ и КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щ1ридий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылас Маритэ, Льостэн Муэз, Ныбэжь Танэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Зыжьыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кватхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэныкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхуэщ1апIэхэм я дэлэжьэныныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пиксымэхэмкIэ - 42-22-88; етъуэдэжныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуэгъуэхэм я щжагъамкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщ дэльщ КЪР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIыныкIэ жэуап ехь КЪР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №31-00665-м щIэту агъуэщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьудокI.

КЪР-м и Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ ІэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Гъатхэпэм и пащIэндзэр, гъэмахуэми хуэдэу, республикэм и щIыналъэм махуэгъэпс пIалъэхэм щытехъуркъым. Метеорологие щIэныгъэм зэрыжиIэмкIэ, щIымахуэ-гъатхэ зэблэкIыгъуэр зыхуэзэнур жащ-мазуэм ику ит хьэуам и температурэр мардэм нэсащ. Абы метеорологие гъатхэкIэ йоджэ.

Гъатхэпэм и 21-м астрономие гъатхэр кьохьэ. А махуэм гъэрэ щIыIэр зэкIэ.

Гъатхэпэм дунейм и щытыкIэм щIэх-щIэхьыуэ зихъуэжь хабзащ. Кьапщтэмэ, 1993 гъэм хуабэр градус 26,7-рэ щыхьэуа щыIащ, 1985 гъэм гъатхэпэм и 10-м щIыIэр градус 19-м нэсыт.

Метеорологэм зэрыжаIэмкIэ, дызыхуэхIэу мазэр зэпIэзэрыту щытынкъым. КъэкIыгъэхэри кьыхэсIынущ, борэнтIасэхэри щыIэнущ. Арами, гъатхэр и чэзум кьэкIуэнущ.

ЗэблэкIыгъуэ пъэхьэнэр гъатхэпэм и яп1э махуи 10-м хуэзэнущ. Жащщ щIыIэр градуси 5-м нэблагъэу, мафхуэм хуабэр 7 - 12 хьуэу щытынущ. Гъатхэпэм икуэм щIыIэжь зыкъыщIынущ, жащщ щIыIэр градусри 3 - 8, мафхуэм щIыIэр 2, хуабэр 3 хьунущ. Абы уэс щIыIэ кIыхьыну хуагъэфащэ. ИужькIэ дунейм нэхъ хуабэ зыкъыщIынущ, жащщ щIыIэр зы градус, хуабэр 4, мафхуэм хуабэр 6 - 11 хьуэу, щыдэкIуейкIэ 15 - 18-м нэсу щытынущ. Мазэм псалъэгъу кьаIытынущ гъэкIэрэ зыхьыкIэм нэблагъэ е абы нэхъэрэ нэхъыбэ.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанцокъуэ Элъэ, редакторхэу Тэнаш и пэщ, Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щоджэн Инэ, Табыш Динарэ, Афэ Тамарэ, ПхытIыкI Юрэ, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Иуан Заирэ. КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ: ЩакIуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Дол Маринэ, ГъукIэлI Рас, сурэтыщI Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатl эм щагъэхьыращ.

Газетым Iэ тедзэм хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъаз сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ✆ Тираж 10.095 ✆ Заказ №769